

LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Égalman cité NLRA oswa lwa; 29 U.S.C. §§ 151–169

[Tit 29, Chapit 7, Sou chapit II, Kod Etazini]

RÉZILTA AK REGLEMAN

Seksyon 1. [§ 151.] Refi pa sèten anplwayè nan dwa travayè yo pou òganizé e refi pa sèten anplwayè pou aksepté pwosédi négosiyon kolektif débouché sou grèv e lòt fòm konfli sosyal oswa troub, ki genyen entansyon oswa éfè nesèsè ki konstityé yon fado oswa antravé komès (a) nan nwi efikasité-a, sékirité, oswa opérasyon nan enstriman komès; (b) ki rivé nan kouran komès; (c) matéryèlman afekté, retni, oswa kontwolé déwoulman sou matyè premyè yo oswa transfòmé machandiz anprovenans oswa nan sikwi komès yo, oswa pri matéryo oswa machandiz nan komès; oswa (d) kozé diminisyon nan travay e salè nan volim sibstansyèlman pou antravé oswa pètibé maché-a nan déwoulman matyè premyè ki sòti nan oswa nan sikwi komès.

Inégalité pouvwa négosiyon ki genyen pami travayè yo ki pa posedé tout libété asosiyon oswa libété reyèl nan kontra e anplwayè ki òganizé nan fòm sosyété oswa lòt fòm asosiyon pwopriyété sibstansyèlman yon fado e afekté déwoulman komès la, e tanté pou agravé souvan diminisyon komès la. Diminyé to salè yo ak pouvwa dacha travayè yo nan endistri-a e prevansyon nan stabilizasyon konpétisyon nan to salè yo ak kondisyon travay andedan e pami endistri yo.

Ekspéryans prouvé ke proteksyon lwa pou dwa travayè pou òganizé ak négosyé kolektivman pou pwotejé komès kont aksidan, enfimité oswa entèripsyon, e favorizé déwoulman komès éliminé sèten sous idantifyé nan konfli endistriyèl ak troub, lè-w ankourajé pratik fondamantal nan zanmitay ajisteman sou diskisyon endistriyèl tankou sou salè, lè oswa lòt kondisyon travay, e nan restoré egalité nan pouvwa négosiyon pami anplwayè ak travayè yo.

Ekspéryans egalman demonstré pi lwoin ke sèten pratik pa kelke òganizasyon travay, ofisyé yo, e manm yo gen entansyon oswa éfè nésèsè pou konstityé yon fado oswa antravé komès nan prévansyon lib déwoulman machandiz nan komès la atravè grèv ak lòt fòm troub endistriyèl oswa atravè aktivité konsèté ki antravé entèrè piblik la nan lib déwoulman komès la. Eliminasyon kalité pratik sa yo se yon kondisyon nesèsè pou asiré dwa sa yo ki garanti-a.

Li deklaré ke se politik Etazini pou éliminé koz sèten obstak enpòtan nan lib déwoulman komès e efasé e éliminé obstak sa yo lè yo rivé.

22 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Nan ankourajé pratik e pwosédi négosiyon kolektif e nan pwotejé egzèsis pa travayè yo nan plein libètè asosiyasyon, òganizasyon otonòm yo, e déziyasyon reprézantan ke yo chwazi yo menm, nan bi négosiyasyon tèm e kondisyon travay yo oswa lòt èd mityèl oswa pwoteksyon.

DEFINISYON

Sek. 2. [§ 152.] Lè lwa sa itilizé [sou chapit]—

(1) Tèm “moun” enkli yonn oswa plizyè endividi, òganizasyon travay yo, patenarya, asosiyasyon yo, kòporasyon yo, reprézantan légal yo, administratè yo, administraté nan ka anba tit 11 Kòd Etazini [anba tit 11], oswa reseptè.

(2) Tèm “anplwayè-a” enkli nenpòt moun kap aji kòm ajan yon anlwayè, direkteman oswa endirekteman, men ki pa enkli Etazini oswa nenpòt kòporasyon ke gouvènman posedé totalman, oswa nenpòt Bank Rézèv Fédéral, oswa nenpòt éta oswa sou divizyon politik ki genyen, oswa nenpòt moun ki sijè a lwa sou travay chemen de fè [45 U.S.C. § 151 et seq.], ki modifyé de tanzantan, oswa nenpòt òganizasyon travay (ot ke lè-l aji kòm yon anlwayè), oswa nenpòt moun ki aji nan kapasité ofisyé oswa ajan òganizasyon travay sa yo.

[Pub. L. 93–360, § 1(a), Jiyè 26, 1974, 88 Stat. 395, efasé fraz “oswa nenpòt kòporasyon oswa asosiyasyon kap dirijé yon lopital, si pa gen yon pati nan salè nèt la ki alé nan profit yon aksyonè privé oswa “endividi” nan definisyon “anplwayè”]

(3) Tèm “Travayè” ap enkli nenpòt travayè, e li pap limité a travayè yon anlwayè patikilyé, amwens ke lwa [sou chapit sa] eksplisitman déklaré otreman, e l-ap enkli nenpòt endividi ke travay li te kanpé kom yon konsekans de, oswa an koneksyon avèk, nenpòt konfli travay aktyèl oswa paske nenpòt pratik delwayal travay, eki pa-t jwenn nenpòt lòt régilyé e yon travay ekivalan sibstanyèl, men ki pap enkli nenpòt endividi k-ap travay kòm travayè agrikol, oswa nan sèvis domestik nenpòt fanmi oswa moun ki nan kay li, oswa nenpòt endividi k-ap travay avèk paran-l oswa konjwoin-l oswa endividi ki genyen yon stati kòm kontraktè endépendan, oswa nenpòt endividi k-ap travay kòm sipèvizé, oswa nenpòt endividi k-ap travay avèk yon anlwayè ki sijè a lwa travay sou chemen de fè [45 U.S.C. § 151 et seq.], ki modifyé de tanzantan, oswa pa nenpòt moun ki pa yon anlwayè défini la

(4) Tèm “reprézantan yo” enkli nenpòt endividi oswa òganizasyon travay.

(5) Tèm “òganizasyon travay” vlé di nenpòt òganizasyon de tout sòt, oswa nenpòt ajans oswa komité reprézantan travayè oswa plan, nan sa ke travayè yo patisipé e nan sa ki egzisté pou bi sa, angwo oswa anpati nan négosyé avèk anlwayè konsènan griyèf, konfli travay, salè, pousantaj yo péyé, èdtan travay, oswa kondisyon travay yo.

(6) Tèm “Komès” vlé di echanj, trafik, komès, transpòtasyon, oswa kominikasyon ant plizyè eta, oswa ant distri kolombia oswa nenpòt teritwa nan Etazini e nenpòt eta oswa lòt teritwa, oswa ant nenpòt péyi etranjé e nenpòt eta, teritwa, oswa distri kolombia oswa anndan distri kolombia oswa nenpòt teritwa, oswa pami zòn nan menm eta jiska yon lòt eta oswa nenpòt teritwa oswa distri kolombia oswa nenpòt péyi étranjé.

(7) Tèm “Afekté komès” vlé di nan komès, oswa konstityé yon fado oswa obstak nan komès, oswa lib déwoulman komès, oswa pou kondwi oswa tandans pou kondwi nan konfli travay ki konstityé yon fado oswa obstak nan komès oswa lib déwoulman komès.

(8) Tèm “Pratik delwayal travay” vlé di nenpòt pratik delwayal travay ki listé nan seksyon 8 [seksyon 158 nan tit sa].

(9) Tèm “konfli travay” enkli nenpòt kontrovès konsènan tèm, diré oswa kondisyon travay oswa konsènan asosiyasyon oswa reprezantasyon moun yo nan négosiyasyon, fiksé, mentni, chanjé oswa chaché pou aranjan tèm oswa kondisyon travay, kelkeswa moun ki nan konfli yo genyen yon relasyon ant anplwayè ak travayè.

(10) Tèm “Konsèy Nasyonal Relasyon Travay” vlé di Konsèy Nasyonal Relasyon Travay founi nan seksyon 3 lwa sa [seksyon 153 nan tit sa].

(11) Tèm “sipèvizè” vlé di nenpòt moun ki gen otorité, nan entèrè yon anplwayè, pou anboché, transféré, sispann, mize andisponibilté, rerelè, promoté, révoké, asiyé, rekonpanse, oswa disiplinè lòt travayè yo oswa responsab pou ba yo direksyon, oswa pou ajisté griyèf, oswa efektivman rékomandé aksyon sa, si an koneksyon avèk egzèsis présédan otorité sa ki pa preske menm yon routine oswa travay biwo, men ki mandé itilizasyon jijman endépandan.

(12) Tèm “travayè profesyonèl” vlé di—

(a) nenpòt travayè ki angajé nan travay (i) majorité entèlektyèl e varyé nan karaktè kòm opozé a routine mental, manyèl, mékanik, oswa travay fizik; (ii) enpliké nan egzèsis diskresyon ki konsistan e jijman nan pèfomans; (iii) yon tèl karaktè ke sòti-a pwodi oswa rézilta akonpli-a pa kapab gen yon standa nan relasyon a yon peryòd doné; (iv) egzijé konesans nan yon tip avansé nan domèn lasyans oswa aprantisaj abityèl akeri nan yon kou spesyalizé pwolonjé nan enstriksyon entèlektyèl oswa etidyé nan yon enstitisyon anseyman siperyè oswa yon lopital, ki distingé de yon edikasyon akademik jeneral oswa de yon aprantisaj oswa yon fòmasyon nan egzèsis routine mantal oswa manyèl oswa pwosesis fizik; oswa

(b) nenpòt travayè, ki (i) konplété kou nan enstriksyon entèlektyèl spesyalizé ak etid dékri nan pwovizyon (iv) nan paragaf (a), e(ii) pèfomans ki gen rapò ak travay anba sipèvizyon yon profesyonèl

22 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Ki kalifyé tèt li pou-l vini yon travayè pwofesyonèl ki défini nan paragraf (a).

(13) Nan detèminé si nenpòt moun ap aji kòm “ajan” de yon lòt moun pou fè lòt moun sa responsab de aksyon li, kesyon-an se pou konnen si aksyon spesifik yo kite pèfòmé, te aktyèlman otorizé oswa ratifyé e pap kontwolé.

(14) Tèm “Enstitisyon lasanté” ap enkli nenpòt lopital, lopital konvalesan, òganizasyon antretyen lasanté, klinik santé, etablisman pou swen santé, etablisman pou swen santé pwolonjé, oswa lòt enstitisyon ki konsakré a swen malad, enfim, oswa moun ajé

[Pub. L. 93–360, § 1(b), Jiyè 26, 1974, 88 Stat. 395, ajouté pa. (14).]

KONSEY NASYONAL RELASYON TRAVAY

Sek. 3. [§ 153.] (a) [Krèyasyon, konpozisyon, randevou, ak fason; Prézidan; retiré manm] Konsèy Nasyonal Relation Travay la (ki relé “Konsèy”) te kreyé pa lwa sa [sou chapit] avan modifikasyon li pa lwa travay jesyon relasyon 1947 [29 U.S.C. § 141 e seq.], li kontinyé tankou yon ajans Etazini, eksepté konsèy la ap konpozé de senq olyé de twa manm, ki nomé pa prézidan avèk konsèy e konsantman Séna. Nan de manm siplémantè yo kite prevwa, yonn ap nomé pou yon tèm de senq ané e lòt la pou yon tèm de de lané. Siksésè li yo, e siksesè lòt manm yo, ap nomé pou yon tèm senq ané chak, eksepté nenpòt moun ki te chwazi pou ranpli yon plas vid ap nomé selman pou manda moun ki poko fini-an l-ap ranplase-a. Prézidan ap nomé yon manm pou sèvi kòm prézidan konsèy la. Nenpòt manm nan konsèy la ka révoké pa Prézidan, sou avis avèk odians, pou néglijans travay oswa malvèsasyon nan biwo, men pa pou lòt kòz.

(b) [Délégasyon pouvwa a manm yo ak direktè rejyonal yo; revizé e reté nan aksyon direktè rejyonal yo; koròm; so pou sélé] konsèy la otorizé pou-l délegé a nenpòt gwoup twa oswa plis manm nenpòt oswa tout pouvwa ke-l kapab egzèsé poutèt li. Konsèy la otorizé tou pou-l delegé a direktè rejyonal li yo pouvwa li genyen anba seksyon 9 [seksyon 159 nan tit sa] pou detèminé yon inité apropriyé nan bi negosiasyon kolektif, pou investigé e bay odians, e detèminé si genyen yon pwoblèm reprezantasyon ki ekzisté, e poufè yon eleksyon oswa pran yon bilten sekre anka sou seksyon (c) oswa (e) nan seksyon 9 [seksyon 159 nan tit sa] e sètifyé rézilta yo, eksepté lè-w depozé yon demann avèk konsèy la pa nenpòt moun ki enteresé, konsèy la kapab revizé nenpòt aksyon yon direktè rejyonal delegé ali menm anba paragraf sa, men kalité révizyon pa dwé, amwens ke konsèy la bay yon lòd spesifik, pou sispann tout aksyon kite pran pa direktè rejyonal la. Yon vakans nan konsèy la pa dwe afekté dwa lòt manm yo ki reté.

Pou egzèsé tout pouvwa konsèy la, e twa manm konsèy la dwé an tout tan konstityé yon kowòm konsèy la, eksepte de manm dwe konstityé yon kowòm nenpòt gwoup déziyen konfòmé nan premyé fraz la. Konsèy la dwe genyen yon so ofisyèl ki dwe jidisièman rémaké.

(c) [Rapò annyèl a kongrè-a e Prézidan] Konsèy la dwe nan chak fin egzèsis fiskal bay yon rapò ekri a kongrè-a e Prézidan rezimé aktivité siyifikatif e opérayson pou ané fiskal la.

(d) [Avoka Jeneral ; randevou ak fason; pouvwa e responsabilité; vakans] Ap genyen yon avoka jeneral konsèy la k-ap nomé pa prézidan, pa e avèk konsèy e konsantman Séna, pou yon tèm kat ané. Avoka jeneral konsèy la kapab egzèsé sipèvisyon jeneral sou tout avoka ki anplwayé pa konsèy la (ot ke jij sou lwa administrative avèk asistan légal a manm konsèy yo) e sou ofisyé yo e travayè kinan biwo rejyonal yo. Li dwé genyen otorité final, onon de konsèy la, sou sa ki konsèné investigasyon akizasyon e emisyon plaint anba seksyon 10 [seksyon 160 nan tit sa], e nan sa ki konsèné pouswuit plaint yo devan konsèy la, e yo kapab genyen lòt responsabilité ke konsèy la ka bayo oswa jan lalwa preskri li. Nan ka vakans nan biwo Avoka Jeneral la Prézidan otorizé pou-l nomé yon ofisyé oswa anplwayè ki kapab aji kòm Avoka jeneral pandan vakans sa, men pa genyen moun oswa lòt moun ki kapab deziyen pou aji nan fason sa (1) pou plis ke karant jou lè kongrè-a an sesyon amwens ke yon nominasyon pou konblé vakans sa te deja soumèt devan Séna, oswa (2) aprè ajouneman san dat sesyon sena koté nominasyon-an te soumèt.

[Tit la “Jij lwa administrative” te adopté nan 5 U.S.C. § 3105.]

Sec. 4. [§ 154. Eljibilité pou renomé; ofisyé e travayè yo; pèman dépan yo] (a) Chak manm Konsèy la e Avoka Jeneral konsèy la dwe élijib pou renomé, e li pa dwe angajé nan nenpòt lòt biznis, vokasyon, oswa travay. Konsèy la dwe apwointé yon sekretè ekzékitiv, e kalité avoka sa yo, egzaminatè, e direktè rejyonal yo, e tout lòt travayè ke li jwenn de tanzantan nesèsè pou pèfòmans apropiyé responsabilité yo. Konsèy ka pa anmezi pou-l anplwayé Avoka nan bi pou revizé transkripsyon séyans yo oswa préparé pwojè opinyon yo sof ke tout avoka anplwayé pou afektasyon asistan légal a nenpòt manm konsèy la kapab revizé transkripsyon sa yo pou manm konsèy sa e préparé pwojè opinyon yo. Pa genyen rapò jij administrasyon ki kapab revizé, ke seswa anvan oswa aprè piblikasyon li, pa nenpòt moun ot ke se yon manm konsèy la oswa asistan légal li, e okenn jij lwa administratif pa kapab konseyé oswa konsilté avèk Konsèy la sou sa ki konsèné eksepsyon kite pran nan konklisyon li, désizyon, oswa rékomandasyon.

23 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Konsèy la kapab établi oswa itilize ajans rejyonal sa yo, lokal, oswa lòt ajans yo, e itilize volontè e sèvis ki pa konpanse, jan ke yo kapab bezwen de tanzantan. Avoka yo ki nomé anba seksyon sa kapab, sou direksyon konsèy la, parèt pou e reprezanté konsèy la nan nenpòt ka devan tribinal la. Anyen nan lwa [sou chapit] pa dwe entèpreté pou otorizé Konsèy la pou nomé endividi pou bi konsiliasyon oswa mediasyon, oswa pou analiz ekonomik.

[Tit la “jij lwa administratif” te adopté nan 5 U.S.C. § 3105.]

Andeyò distri Kolonbia ki rivé pa manm yo oswa travayè Konsèy la ki anba lòd li yo, ap otorizé e péyé sou prezantasyon rési détayé ki apwouvé pa Konsèy la oswa pa nenpòt endividi ki déziyé pou bi sa.

Sek. 5. [§ 155. Biwo prensipal, mennen ankèt atravè peyi-a; patisipé nan desizyon yo oswa ankèt ki mennen pa manm] Biwo prensipal konsèy la dwe lokalizé nan distri kolombia, men li ka rankontré e egzèsè nenpòt oswa tout pouvwa li nan nenpòt lòt koté. Konsèy la kapab bay yonn oswa plizyè nan manm li yo oswa pa ajan yo oswa ajans yo tankou li kapab déziyé, pousuiv nenpòt ankèt nesèsè nan fonksyon li yo nan nenpòt pati nan Etazini. Yon manm ki patisipé nan jan de ankèt sa pa kapab diskalifyé pou-l patisipé anaprè nan yon désizyon konsèy la sou menm ka.

Sek. 6. [§ 156. Règ e regleman] Konsèy la dwe genyen otorité de tanzantan poufè, modifyé, anilé, nan fason ki preskri pa lwa pwosédi administratif la [sou chapit II nan chapit 5 nan tit 5], règ ak règilasyon sa yo kapab nesèsè pou mennen a byen pwovisyon lwa [sou chapit].

DWA TRAVAYE YO

Sek. 7. [§ 157.] Travayè yo dwe genyen dwa pou òganizé tèt yo, pou fòmé, fè pati, oswa asisté òganizasyon travay yo, pou négosyé kolektivman atravè réprézantan ke yo chwazi, e pou angajé nan lòt aktivité konsèté nan bi negosiasyon kolektif oswa lòt èd mityèl oswa proteksyon, e y-ap genyen dwa pou yo absteni nan nenpòt oswa kalité aktivité sa yo eksepté nan mézi koté dwa sa kapab afekté pa yon akò ki egzijé-w vini manm nan yon òganizasyon travay kòm yon kondisyon anplwa otorizé nan seksyon 8(a)(3) [seksyon 158(a)(3) nan tit sa].

PRATIK DELWAYAL TRAVAY

Sek. 8. [§ 158.] (a) [Pratik delwayal travay pa anplwayè] L-ap vini yon pratik delwayal travay pou yon anplwayè—

(1) pou entèféré avèk, kenbe, oswa kontrenn travayè yo nan egzèsis dwa yo ki garanti nan seksyon 7 [seksyon 157 nan tit sa];

(2) pou dominé oswa entèféré avèk fòmasyon oswa administrasyon nenpòt òganizasyon travay oswa kontribyé finansyèman oswa lòt sipò ali men: Stipilé, sijè a règ e regilasyon yo fèt e pibliyé pa Konsèy la konfòmman ak seksyon 6 [seksyon 156 nan tit sa], Yon anplwayè pa dwe entèdi pou pèmèt travayè yo pou konferé avèk li pandan lè travay yo san-l pa pèdi nan lè-li oswa nan lajan li.

(3) nan diskriminasyon osijè anbochaj, oswa modalité travay oswa nenpòt tèm oswa kondisyon travay pou ankourajé oswa dékourajé poufè-w manm nan nenpòt òganizasyon travay: Stipilé, ke anyen nan lwa sa [sou chapit], oswa nenpòt lòt stati nan Etazini pa anpeché yon anplwayè pou-l konkli yon akò avèk yon òganizasyon travay (ki pa etabli, mentni, oswa asisté pa nenpòt aksyon ki défini nan seksyon 8(a) nan lwa sa [nan sou seksyon sa] kòm yon pratik delwayal travay) pou egzijé kòm yon kondisyon travay la pou fè-w manm nan oswa aprè tranzyèm jou aprè-w kòmansé travay la oswa dat efektiv akò-a, kelkeswa sa ki pita-a, (i) Si òganizasyon travay sa yo se réprézantan travayè yo jan-l dékri nan seksyon 9(a) [seksyon 159(a) nan tit sa], nan inité négosiasyon kolektif apropriyé ki kouvri pa akò sa lè-l fèt, e (ii) amwens ke li suiv pa yon eleksyon ki te fèt jan-l dékri nan seksyon 9(e) [seksyon 159(e) nan tit sa] pandan yon ané presedé dat efektiv akò sa, konsèy la ta dwe sètifyé omwen yon majorité nan travayè yo ki éijib pou voté nan eleksyon kite fèt pou anilé otorité òganizasyon travay sa kite fè akò sa: Stipilé pi lwen, ke okenn anplwayè ap jistifyé nenpòt diskriminasyon kont yon travayè paske li pa manm nan yon òganizasyon travay (A) Si-l genyen rézon valab pou kwè ke adésyon sa pa-t disponib a travayè-a nan menm tèm ak kondisyon jénéralman ki aplikab a lòt manm yo, oswa (B) Si-l genyen rézon valab pou kwè ke adésyon-an te rejete oswa tèminé pou rézon òt ke travayè-a te raté pou-l péyé kotizasyon péryodik yo e frè admisyon ki jénéralman egzijé kòm kondisyon pou genyen oswa kenbe stati-w kòm manm;

(4) pou révoké oswa diskriminé pa lòt mwayen kont yon travayè paske lité depozé yon chaj oswa li te bay temwayaj anba lwa sa [sou chapit];

(5) pou réfizé négosyé kolektivman avèk réprézantan travayè li yo, sijè a pwovisyon nan seksyon 9(a) [seksyon 159(a) nan tit sa].

(b) [Pratik delwayal travay pa òganizasyon travay] L-ap yon pratik delwayal travay pou yon òganizasyon travay oswa ajan li yo —

(1) pou kenbe oswa kontrenn (A) travayè yo nan egzèsis dwa yo ki garanti nan seksyon 7 [seksyon 157 nan tit sa]: Stipilé, ke paragraph sa pa dwe pòté atènt nan dwa yon òganizasyon travay pou-l preskri pwòp règ li konsènan akizisyon oswa pou retni stati yon manm

23 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

oswa (B) yon anplwayè nan seleksyon réprézantan li yo nan bi négosiasyon kolektif oswa pou ajisteman doléyans yo;

(2) pou kozé oswa tanté pou kozé yon anplwayè fè diskriminasyon kont yon travayè nan violasyon [nan sou seksyon sa (a)(3) nan seksyon sa] oswa pou diskriminé kont yon travayè konsènan stati manm li nan òganizasyon-an te refizé oswa tèminé pou lòt rezon òt ke travayé-a te raté pou péyé kotizasyon peryodik yo e frè admisyon ki jénéralman egzijé kòm kondisyon pou genyen oswa kenbe stati-w kòm manm;

(3) pou réfizé négosyé kolektivman avèk yon anplwayè, a kondisyon li se réprézantan travayè li yo sou rezèv pwovisyon nan seksyon 9(a) [seksyon 159(a) nan tit sa];

(4)(i) pou angajé nan, oswa pou pwovoké oswa pou ankourajé nenpòt endividi k-ap travay avèk nenpòt moun angajé nan komès oswa nan yon endistri afekté komès pou angajé nan yon, grèv oswa réfizé pandan tan anplwaman pou itilize, fabriké, tretman, transpò, oswa manipilé oswa travay sou nenpòt machandiz, atik, matériel, oswa pwodui debaz oswa pèfòmé nenpòt lòt sèvis; oswa (ii) pou menasé, kontrenn oswa anpeché nenpòt moun angajé nan komès oswa endistri ki afekté komès, koté nan nenpòt ka gen yon objè la—

(A) fòsé oswa egzijé nenpòt anplwayè oswa moun ki travay pou tèt li poufè pati nenpòt travay oswa òganizasyon anplwayè oswa pou antré nan nenpòt akò ki entèdi nan seksyon 8(e) [sou seksyon (e) nan seksyon sa];

(B) fòsé oswa egzijé nenpòt moun pou sispann itilize, vann, manyen, transpòté, oswa opérasyon lòt pwodui nenpòt lòt prodiktè, pwosésè, oswa manifakti oswa pou sispann fè biznis avèk nenpòt lòt moun, oswa fòsé oswa egzijé nenpòt anplwayè pou rekonèt oswa negosyé avèk yon òganizasyon travay kòm réprézantan travayè li yo amwens ke òganizasyon travay la te sètifyé kòm réprézantan travayè yo anba pwovisyon nan seksyon 9 [seksyon 159 nan tit sa]: Stipilé, ke anyen ki genyen nan kontra sa (B) ap entèpreté pou rann li ilégal, koté otreman li pa t-ap ilégal, nenpòt grèv prensipal oswa piktaj prensipal ;

(C) fòsé oswa egzijé nenpòt anplwayè pou rekonèt oswa negosyé avèk yon òganizasyon travay patikilyé kòm réprézantan travayè li yo si yon lòt òganizasyon travay te sètifyé kòm réprézantan travayè sa yo anba pwovisyon nan seksyon 9 [seksyon 159 nan tit sa];

(D) fòsé oswa egzijé nenpòt anplwayè pou atribiyé yon travay patikilyé a travayè yo nan yon òganizasyon travay patikilyé oswa nan yon échanj patikilyé, atizanal, oswa klass olyé ke yon travayè nan yon lòt òganizasyon travay oswa nan yon lòt échanj, atizanal, oswa klass, amwens ke anplwayè sa néglijé pou-l konfòmé-l a yon lòd oswa sètifikasyon konsèy la detèminé négosiasyon réprézantan travayè yo pou pèfòmé travay sa:

Stipilé, ke pa genyen anyen nan sou seksyon sa (b) [sou seksyon sa] ap entèpreté pou rann ilégal yon réfi pa nenpòt moun pou antré nan lokal nenpòt anplwayè (òt ke pwòp anplwayè-a), si travayè anplwayè sa angajé nan yon grèv ki ratifyé oswa aprouvé pa yon réprézantan travayè sa yo anplwayè sa egzijé pou rekonèt anvèti lwa sa [sou chapit]: stipilé pi lwoin, ke pou bi paragaf sa (4) sèlman, anyen nan paragaf sa pa kapab entèpreté pou entèdi piblisité, òt ke piktaj, nan bi pou enfòmé piblik la nan tout vérité, enkli konsomatè ak manm nan yon òganizasyon travay, ke yon pwodui oswa plizyè pwodui fabriké pa yon anplwayè avèk moun nan òganizasyon travay la te genyen yon konfli enpòtan e distribyé pa yon lòt anplwayè, toutotan ke piblisité sa pa genyen efè pou indui nenpòt endividi ki anplwayé pa nenpòt moun òt ke premyé anplwayè-a pandan tan li nan travay la refizé pou-l pran, delivré, oswa transpòtè nenpòt machandiz, oswa pa pèfòmé nenpòt sèvis, nan lokal anplwayè-a ki angajé nan kalité distribisyon sa;

(5) pou egzijé travayè yo ki kouvri pa yon akò otorizé anba sou seksyon (a)(3) [nan seksyon sa] pèman, kòm yon kondisyon préyalab pou vini yon manm òganizasyon sa, de yon frè nan montan ke Konsèy la trouvé anpil oswa diskriminatwa anba tout sikonstans. Anfas dékouvèt sa, Konsèy la dwe konsidéré pami lòt faktè valab yo, pratik ak koutim òganizasyon travay yo nan yon endistri patikilyé, e salè ki aktièlman peyé a travayè ki afekté;

(6) pou kozé oswa eseyé kozé yon anplwayè pou peyé oswa delivré oswa dakò pou peyé oswa delivré nenpòt lajan oswa lòt bagay de valè, nan fason yo enpozé, pou sèvis yo ki pa fèt oswa ki pap ka fèt; e

(7) pou piktaj oswa kozé poufè piktaj, oswa menas pou piktaj, oswa koz poufè piktaj nenpòt anplwayè ki genyen objektif pou fòsé oswa egzijé yon anplwayè pou òganizé oswa negosyé avèk yon òganizasyon travay kòm réprézantan travayè li yo, oswa fòsé oswa egzijé travayè yon anplwayè pou aksepté oswa chwazi òganizasyon travay sa kòm réprézantan négosiyasyon kolektiv yo, amwens ke òganizasyon sa aktyèlman sètifyé kòm réprézantan travayè sa yo:

(A) Koté yon anplwayè te rekonèt légalman daprè lwa sa [sou chapit] nenpòt lòt òganizasyon travay e kesyon konsènan réprézantasyon yo pa kapab adresé de fason apropriyé anba seksyon 9(c) nan lwa sa [seksyon 159(c) nan tit sa],

(B) Koté pandan douz denyè mwa yo yon eleksyon valab anba seksyon 9(c) nan lwa sa [seksyon 159(c) nan tit sa] te fèt, oswa

(C) Koté yon piktaj te kondwi san yon pétisyon anba seksyon 9(c) [seksyon 159(c) nan tit sa] te depozé nan yon péryod rézonab detan ki pa-t dépasé trant jou nan komansman piktaj la:

23 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Stipilé, ke lè yon pétisyon te depozé Konsèy la dwe imédiatman, san teni konsidérasyon a pwovisyon nan seksyon 9(c)(1) [seksyon 159(c)(1) nan tit sa] oswa nan absans yon mak entèrè sibstansyèl bò koté òganizasyon travay la, fè yon eleksyon nan yon inité ke konsèy la trouvè apriyè e sètifyé rézilta sa: Stipilé pi lwoin, ke anyen nan paragraf sa (C) ap entèpreté pou entèdi nenpòt piktaj oswa lòt piblisité nan bi pou enfòmè piblik la nan tout vérité (enkli konsomatè) ke yon anplwayè pa dwe anboché manm yon, oswa ki genyen yon kontra avèk, yon òganizasyon travay, amwens ke yon efè piktaj sa pou ensité nenpòt endividi anplwayé pa yon lòt moun nan kad travay li, pa ramasé, délivré oswa transpòté machandiz oswa pa pèfòmè okenn sèvis.

Anyen nan paragraf sa (7) dwe entèpreté pou pèmèt nenpòt aksyon ki ta otreman yon pratik delwayal travay anba seksyon 8(b) [sou seksyon sa].

(c) [Ekspresyon pwoin devi sans menas oswa réprézay oswa fos oswa pwomès avantaj] Ekspresyon nenpòt pwoin devi, diskisyon, oswa opinion, oswa difisyon yo, ke seswa pa ekri, printé, grafik, oswa sou fòm vizyèl pap konstityé oswa yon prèv de ka pratik delwayal travay anba nenpòt pwovisyon nan lwa sa [sou chapit], si ekspresyon sa pa genyen ladan-l menas réprézay oswa fòs oswa pwomès avantaj.

(d) [Obligasyon pou négosyé kolektivman] Pou objektif seksyon sa, pou négosyé kolektivman se pèfòmans obligasyon mityèl anplwayè-a ak réprézantan travayè yo pou rankontré nan yon tan rézonab e konféré nan bonn fwa an matyè de salè, lè, e lòt tèm ak kondisyon nan travay, oswa négosiasyon nan yon akò oswa nenpòt kesyon ki dekoulé, e ekzékisyon yon kontra ekri ki enkòporé nenpòt akò ki rivé jwenn si-l mandé pa nenpòt nan pati yo, men jan de obligasyon sa yo pa kontrenn okenn pati pou aksepté yon pwopozisyon oswa egzijé poufè yon konsesyon: Stipilé ke koté ki genyen kontra négosiasyon kolektif ki kouvri travayè nan yon endistri ki afekté komès, devwa négosiasyon kolektif la vlé di ke okenn pati nan kontra sa pap tèminé oswa modifyé kontra sa, amwens ke pati ki deziré tèminasyon-an oswa modifikasyon-an—

(1) Sèvi yon avi pa ékri a lòt pati-a sou pwopozisyon tèminasyon oswa modifikasyon kontra swasant jou anvan ekspirasyon dat la, oswa nan ka koté kontra sa pa genyen dat ekspirasyon, swasant jou anvan lè ki pwopozé poufè tèminasyon sa oswa modifikasyon-an.

(2) Pwopozé pou rankontré e konféré avèk lòt pati-a nan bi pou négosyé yon nouvo kontra owa yon kontra ki genyen modifikasyon pwopozé yo;

(3) enfòmé Sèvis Fédéral Médiasyon ak Konsiliasyon pandan trant jou ki swiv notifikasyon sa sou egzistans konfli-a, e similtanémman notifiyé nenpòt Eta oswa ajans teritoryal mize anplas poufè médiasyon e konsiliasyon konfli nan Eta oswa teritwa koté konfli-a te fèt, a kondisyon ke okenn akò pat konkli nan moman sa; e

(4) kontinyé nan tout fòs ak efè san rekouri nan grèv oswa blokaj, tout tèm yo ak kondisyon pou kontra ki anvigè pou yon peryod de swasant jou aprè avi-a te bay oswa jiska ekspirasyon dat kontra sa, kelke swa sa ki rivé pi ta:

Devwa ki enpozé sou anplwayè yo, travayè yo, e òganizasyon travay yo nan paragraf (2), (3), e (4) [paragraf (2) a (4) nan sou seksyon sa] ap vini inaplikab sou yon entèvansyon sètifikasyon Konsèy la anvèti de sa òganizasyon travay la oswa endividi-a, ki se yon pati nan kontra, te ranplasé kòm oswa sispann pou-l vini réprézantan travayè yo anba pwovisyon nan seksyon 9(a) [seksyon 159(a) nan tit sa], e devwa ki enpozé pap entèpreté kòm yon egzijans a pati yo pou diskité oswa pou dakò avèk nenpòt modifikasyon nan tèm ak kondisyon ki genyen nan yon kontra pou yon peryod fiks, Si modifikasyon sa ta vini efektif anvan tèm ak kondisyon yo kapab réouvè anba pwovisyon nan kontra sa. Nenpòt travayè ki angajé nan yon grèv nan nenpòt peryod spesifyé nan sou seksyon sa (g) nan seksyon sa, ap pèdi stati li kòm yon travayè anplwayè-a angajé nan yon konfli travay patikilyé, nan bi seksyons 8, 9, e 10 nan lwa sa [seksyons 158, 159, e 160 nan tit sa], men pèt de stati sa pou travayè sa ap tèminé si e lè li reyanboché pa anplwayè sa. Nenpòt lè négosiyasyon kolektif la enpliké travayè nan yon enstitisyon lasanté, pwovisyon nan seksyon 8(d) [sou seksyon sa] ap modifyé konsa:

(A) Avi nan seksyon 8(d)(1) [paragraf (1) nan sou seksyon sa] ap katrevendijou; avi nan seksyon 8(d)(3) [paragraf (3) nan sou seksyon sa] ap swasant jou; e period kontra nan seksyon 8(d)(4) [paragraf (4) nan sou seksyon sa] ap katrevendijou.

(B) Lòske négosiyasyon-an se pou yon akò inisyal aprè sètifikasyon oswa rékonesans, omwen trant jou avis sou egzistans yon konfli dwe bay pa òganizasyon travay la a ajans yo ki etabli nan seksyon 8(d)(3) [nan paragraf(3) nan sou seksyon sa].

(C) Aprè avi-a fini bay a Sèvis Federal pou médiasyon ak Konsiliasyon anba nenpòt pwopozisyon (A) oswa (B) nan fraz sa, sèvis la apral kominiké san delè avèk pati yo e fè tout efò-li, nan médiasyon ak konsilyasyon, pou-l poté bayo yon akò. Pati yo dwe patisipé plenman e rapidman nan reyiniyon sa yo ki kapab pran pa sèvis la nan bi pou édé jwenn yon aranjman nan konfli-a.

[Pibliyé. L. 93–360, Jiyè 26, 1974, 88 Stat. 395, modifyé denyé fraz nan seksyon. 8(d) siprimé mo yo “swasant jou” “e ajouté mo” “yon avi” e ajouté anvan mo yo “ap pèdi” fraz la “, oswa ki angajé nan nenpòt grèv nan péryod apropriyé spesifyé nan sou seksyon sa (g) nan seksyon sa.” Li modifyé tou nan finisman paragraf sek. 8(d) pou ajouté yon nouvell fraz “chakfwa négosiasyon kolektif . . . èdé nan aranjman yon konfli.”]

(e) [Ranfòsman yon kontra oswa akò pou boykoté nenpòt lòt anplwayè; eksepsyon] L-ap yon pratik delwayal travay pa nenpòt òganizasyon travay oswa nenpòt anplwayè pou antré nan kelke swa kontra oswa akò, ekspès oswa enplisit, koté anplwayè sa sispann oswa absteni oswa dakò pou sispann oswa absteni pou manyen, itilize, vann, transpòté oswa otreman pou treté nan nenpòt pwodui nenpòt lòt anplwayè, oswa sispann fè biznis avèk nenpòt lòt moun, e nenpòt kontra oswa akò pou antré jiske la oswa ki gen ladan-l yon akò konsa ap san efè e inaplikab: Stipilé, ke anyen nan sou seksyon sa (e) [sou seksyon sa] ap apliké a yon akò ant yon òganizasyon travay e yon anplwayè nan endistri konstriksyon ki genyen rapò ak kontra oswa tretans travay ki genyen pou fèt nan lokal konstriksyon-an, transfòmasyon, painti, oswa réparasyon yon batiman, strikti, oswa lòt travay: stipilé pilwoin, ke pou bi sa yo nan sou seksyon sa (e) e seksyon 8(b)(4)(B) [sou seksyon sa (b)(4)(B) nan seksyon sa] tèm “nenpòt anplwayè,” “nenpòt moun angajé nan komès oswa nan endistri ki afekté komès,” e “nenpòt moun” lè-l itilize nan relasyon tèm” “nenpòt lòt prodiktè, pwosèsè, oswa manifakti”, “nenpòt lòt anplwayè” oswa “nenpòt lòt moun” pa dwe enkli moun yo nan relasyon yon travayè, manifakti, kontraktè, oswa sou kontraktè ki travay nan machandiz oswa nan lokal yon travayè oswa fabrikan oswa fè pati nan yon pwosésis entégré prodiksyon nan endistri abiman e endistri ki fè rad: Stipilé pilwoin, ke anyen, nan lwa sa [sou chapit] ap entèdi ranfòsman nenpòt akò ki nan eksepsyon anvan.

(f) [Akò ki kouvri travayè nan batiman ak endistri konstriksyon] Li p-ap yon pratik delwayal travay anba sou seksyon yo (a) e (b) nan seksyon sa pou yon anplwayè angajé sèlman nan batiman ak endistri konstriksyon poufè yon akò ki kouvri travayè yo ki angajé (oswa ki, nan kòmansman travay yo, apral angajé) nan batiman ak endistri konstriksyon avèk yon òganizasyon travay koté nan batiman e nan endistri konstriksyon travayè yo se manm (ki pa établi, maintni, oswa asisté pa nenpòt aksyon ki défini nan seksyon 8(a) lwa sa [sou seksyon (a) nan seksyon sa] kòm yon pratik delwayal travay) paske (1) stati majorité òganizasyon travay sa pa-t établi anba pwovisyon seksyon 9 lwa sa [seksyon 159 nan tit sa] anvan poufè jan de akò sa, oswa (2) kalité akò sa egzijé tankou yon kondisyon nan travay, manm nan òganizasyon travay sa aprè setièm jou kitè swiv kòmansman anplwa sa oswa dat efektif akò-a, nenpòt sa ki pita, oswa (3) jan de akò sa egzijé anplwayè-a pou-l notifiyé òganizasyon travay sa yo sou òpòtinité pou anplwaman avèk jan de anplwayè sa,

Oswa bay òganizasyon travay sa yon òpotinité pou referé aplikan ki kalifyé pou jan de travay sa, oswa (4) tankou akò sa présizé yon minimòm fòmasyon oswa ekspéryans kalifikasyon pou travay la oswa ki bay priyorité nan òpotinité pou travay ki bazé sou diré tan sèvis ou genyen avèk anplwayè sa, nan endistri-a oswa nan yon zòn jeografik anpatikilyé: Stipilé, ke anyen nan sou seksyon sa pa meté dekoté pwovisyon final nan seksyon 8(a)(3) nan lwa sa [sou seksyon (a)(3) nan seksyon sa]: Stipilé pilwoin, ke nenpòt akò kite ka pa valab, men pou pwopozisyon (1) nan sou seksyon sa, pa dwé yon blokaj pou yon pétisyon dépozé anvèti seksyon 9(c) oswa 9(e) [seksyon 159(c) oswa 159(e) nan tit sa].

(g) [Notifikasyon pou entansyon grèv oswa piktaj nan nenpòt enstitisyon swen santé] Yon òganizasyon travay anvan li angajé nan nenpòt grèv, piktaj, oswa lòt réfi konsèté pou travay nan nenpòt enstitisyon swen santé ap, pa mwens pasé dis jou anvan aksyon-an, notifyé enstitisyon-an pa ekri ak Sèvis Fédéral médiasyon ak konsiliasyon de entansyon sa, eksepté nan ka négosiasyon pou yon akò inisyal aprè sètifikasyon oswa rekonèt avi ki egzijé nan sou seksyon sa pa dwe bay jiska ekspirasyon nan peryod ki spéifyé nan pwovisyon sa (B) nan denyé fraz nan seksyon 8(d) nan lwa [sou seksyon (d) seksyon sa]. Avi-a ap endiké dat ak lè ke aksyon sa dwe kòmansé. Avi-a, lè li bay, kapab pwolonjé pa yon akò ekri avèk toude pati yo.

[Pub. L. 93–360, 26 Jiyè, 1974, 88 Stat. 396, ajouté sou sek. (g).]

RÉPRÉZANTAN E ELEKSYON

Sek. 9 [§ 159.] (a) [Réprézantan ekskliziv; ajisteman doléyans travayè yo direktman avèk anplwayè yo] Réprézantan deziyé oswa seleksyoné nan bi négosiyon kolektif pa majorité travayè yo nan yon inité apwopriyé pou objektif sa, dwe réprézantan ekskliziv tout travayè yo nan inité pou bi négosiasyon kolektif konsènan to yo peyé, salè, lè travay, oswa lòt kondisyon nan anplwaman: Stipilé, ke nenpòt endividi k-ap travay oswa yon group travayè gen dwa a nenpòt moman prezanté doléyans yo a anplwayè yo e doléyans yo kapab ajisté, san entèvansyon réprézantan négosiasyon-an, toutan ke ajisteman pa inkonsistan avèk tèm kontra négosiasyon kolektif la oswa akò-a antré anvigè: Stipilé pilwoin, ke réprézantan négosiasyon-an te genyen òpotinité pou-l prézan nan ajisteman sa.

(b) [Detèminasyon inité négosiasyon pa Konsèy la] Konsèy la ap désidé nan chak ka si. nan bi pou asiré travayè yo pi gran libète nan egzèsis dwa yo ki garanti pa lwa sa [sou chapit], inité apwopriyé pou bi négosiasyon kolektif yo dwe inité anplwayè-a, inité atizanal, inité izin, oswa sou divizyon ki la yo: stipilé, ke konsèy la pa dwé (1) désidé ke nenpòt inité apwopriyé pou bi sa yo

23 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

Si inité-a enkli alafwa travayè pwofesyonèl e travayè ki pa travayè pwofesyonèl amwens ke yon majorité nan travayè pwofesyonèl yo voté pou enklisyon nan inité sa; oswa (2) désidé ke nenpòt inité atizanal pa apropiyé pou objektif yo sou baz ke yon diféran inité te deja établi pa yon desizyon ke Konsèy la te pran, amwens ke yon majorité nan travayè yo nan inité atizanal kite pwopozé-a voté kont reprézantasyon separé oswa (3) désidé ke nenpòt inité apropiyé pou bi sa yo si-l enkli, ansanm avèk lòt travayè yo, nenpòt endividi ki anplwayé kòm yon gad pou ranfòsé kont travayè yo e lòt moun ki anchaj pou pwotejé pwopriyété anplwayè-a oswa pou pwotejé sekirité lòt moun ki nan lokal anplwayè-a; men pa genyen òganizasyon travay ki kapab sètifyé kòm réprézantan travayè yo nan inité négosiasyon gad yo si òganizasyon sa aksepté manm, oswa si-l afilyé direkteaman oswa endirekteaman avèk yon òganizasyon ki aksepté manm, travayé òt ke gad.

(c) **[Odians sou kesyon ki afekté komès; règ e régilasyon]** (1) nenpòt lè yon petisyon te depozé, konfòmman avèk règleman ki kapab preskri pa konsèy la—

(A) pa yon travayé oswa gwoup travayè yo oswa nenpòt endividi oswa òganizasyon travay k-ap aji nan non yo prétann ke yon kantité travayè sibstansyèl (i) sweté pou yo reprezanté nan négosiasyon kolektif e anplwayè yo refizé pou rekonèt réprézantan yo kòm réprézantan ki défini nan seksyon 9(a) [sou seksyon (a) seksyon sa], oswa (ii) afimé ke yon endividi oswa yon òganizasyon travay, ki te sètifyé oswa ki kounye-a vini rekonèt pa anplwayè-a kòm réprézantan négosiasyon, li pa yon réprézantan ankò jan li défini nan seksyon 9(a) [sou seksyon (a) nan seksyon sa]; oswa

(B) pa yon anplwayè, ki prétann ke yonn oswa plizyè endividi oswa òganizasyon travay yo te prezanté ali menm yon demann pou rekonèt kòm réprézantan ki défini nan seksyon 9(a) [sou seksyon (a) nan seksyon sa]; Konsèy la ap mené investigasyon sou petisyon sa e si genyen motif rézonab pou kwè ke yon kesyon reprezantasyon afekté komès egzisté ap prevwa yon odians apropiyé aprè yon préyavi rézonab. Odians sa kapab administré pa yon ofisyé oswa travayè nan biwo rejyonal la, ki pa kapab fè okenn rekòmandasyon konsènan ka sa. Si Konsèy la jwenn nan dosyé odians la ke yon pwoblèm sou reprézantasyon egzisté, li dwé kondui yon eleksyon bilten sekre e l-ap sètifyé rézilta yo.

(2) Nan detèminé si wi oswa non yon kesyon réprézantasyon afekté komès egzisté, menm régilasyon ak règ desizyon yo ap apliké endépandamman sou idantité moun yo ki depozé yon petisyon oswa k-ap chaché yon soulajman e nan okenn ka Konsèy la pakab réfizé yon òganizasyon travay yon plas nan bilten vòt la pou yon rézon òdonans aléga òganizasyon travay sa oswa predesesè li ki pa-t bay ankònfòmité avèk seksyon sa 10(c) [seksyon 160(c) nan tit sa].

(3) Okenn eleksyon pa dwe fèt nan nenpòt inité négosiasyon oswa nenpòt sou divizyon nan period ki presedé douz mwa, yon eleksyon valab te fèt. Travayè yo ki angajé nan yon grèv ekonomik e ke travay la pap repreann yo ankò ap elijib pou voté konfòmeman avèk règleman sa e Konsèy la ap jwenn yo konsistan avèk objektif ak pwovizyon nan lwa [sou chapit] nan nenpòt eleksyon kitè fèt nan douz mwa aprè komansman grèv la. Nan nenpòt eleksyon koté okenn nan chwa nan bilten vòt yo pa-t resevwa yon majorité, yon dezyèm tou dwe òganizé, bilten-an ap bay pou yon seleksyon pami dechwa yo ki resevwa pi gran kantité vwa yo e dezyèm pi gran kantité vòt yo ki eksprimé nan eleksyon-an.

(4) Anyen nan seksyon sa pap entèpreté pou entèdi levé odians yo nan stipilasyon nan objektif konsantman eleksyon an konfòmité avèk régilasyon ak règleman desizyon Konsèy la.

(5) Pou detèminé si yon inité apropiyé nan bi spesifyé nan sou seksyon (b) [nan seksyon sa] nan mezi koté travayè yo te òganizé et yo pa dwe kontwolé.

(d) [Pétisyon pou ranfòsman oswa revizyon; transkripsyon] Chak fwa yon òdonans Konsèy la te fèt suivan seksyon 10(c) [seksyon 160(c) nan tit sa] te bazé an antyé oswa anpati sou fè ki sètifyé alaswit yon ankèt daprè sou seksyon (c) nan seksyon sa e genyen yon pétisyon pou ranfòsman oswa revizyon òdonans sa, sètifikasyon sa e dosyé investigasyon sa ap enkli nan transkripsyon tout dosyé-a egzijé pou depozé anba seksyon 10(e) oswa 10(f) [sou seksyon (e) oswa (f) nan seksyon 160 nan tit sa], e alò dekrè tribinal la ranfòsé, modifyé, oswa anile an antyé oswa anpati òdonans Konsèy la ap fèt e antré nan memwa, temwayaj, e pwosédi yo ki enonsé nan transkripsyon sa.

(e) [Bilten sekrè; limitasyon eleksyon yo] (1) Lè yo dépozé bò koté Konsèy la 30 pousan oswa plis nan travayè yo nan yon inité négosiasyon ki kouvri pa yon akò ant anlwayè yo e òganizasyon travay la fèt suivan seksyon 8(a)(3) [seksyon 158(a)(3) nan tit sa], yon pétisyon ki pretann ke yo deziré otorizasyon sa ap anilé, konsèy la ap pran yon bilten sekrè travayè yo nan inité-a e sètifyé rézilta yo bay òganizasyon travay la e anlwayè-a

(2) Okenn eleksyon pa dwe kondwui suivan sou seksyon nan nenpòt inité négosiasyon oswa nenpòt sou divizyon ki nan douz mwa period, yon eleksyon valab te fèt.

PREVANSYON SOU PRATIK DELWAYAL TRAVAY YO

Sek. 10. [§ 160.] (a) [Jeneralman pouvwa Konsèy la] Konsèy la genyen pouvwa, jan li prevwa la pou li prevni nenpòt moun ki angajé nan nenpòt pratik delwayal travay (ki listé nan seksyon 8 [seksyon 158 nan tit sa]) ki afekté komès. Pouvwa pa dwe afekté pa nenpòt lòt mwayen ajisteman oswa prevansyon ki te la oswa ki te établi pa akò,

Lwa, oswa otreman: Stipilé, Ke konsèy la genyen pouvwa pa yon akò avèk nenpòt ajans nan nenpòt eta oswa teritwa pou sedé jiridiskyon a ajans sa sou nenpòt ka nan nenpòt endistri ot ke (mine, manifakti, kominikasyon, e transpòtasyon eksepté koté li prensipalman akaratè lokal) menm lè ke ka sa yo kapab enpliké konfli travay ki afekté komès, amwens ke pwovisyon eta oswa stati terioryal apliké pou detèminé ka sa yo nan fason ajans sa inkonsistan avèk pwovisyon ki koresponn nan lwa sa [sou chapit] oswa te resevwa yon konstriksyon inkonsistan ki.

(b) [Plaint ak avi sou odians; sis mwa limitasyon; répons; lwa tribinal évidans ki inaplikab] Chak fwa li akizé ke nenpòt moun te angajé nan oswa livré nan pratik délwayal travay, konsèy la, oswa nenpòt ajan oswa ajans déziyé pa konsèy la pou objektif sa, gen otorité pou-l emèt e pou siyifyé a moun sa yon plaint ki deklaré chaj ki genyen nan ka sa, e ki genyen yon avi pou yon odians devan konsèy la oswa yon manm, oswa devan yon ajan deziyé oswa ajans, nan yon lokal ki fiksé pa mwens ke senq jou aprè manda te fini depozé: Stipilé okenn plaint pap bay sou baz pratik delwayal travay kite rivé plis ke swasant jou anvan ke yon chaj te depozé devan konsèy la e yon kopi te bay a moun ke yo te depozé chaj la kont li-a amwens ke moun ki viktim-nan te anpeché pou-l depozé chaj sa paske li t-ap sèvi nan lamé, koté nan ka peryod sis mwa ap kalkilé apati dejou li kité lamé-a. Nenpòt plaint kapab modifyé pa yon manm, ajan, oswa ajans k-ap fè odians la oswa konsèy la nan diskresyon li nan nenpòt lè anvan yo bay yon òdonans ki bazé sou sa. Moun ki depozé plaint la ap genyen dwa pou li depozé yon répons a orijinal la oswa plaint ki modifyé-a e pou-l parèt anpèsonn oswa otreman e bay temwayaj nan plas ak lokal ki fiksé nan plaint la. Nan diskresyon manm la, ajan oswa ajans k-ap fè odians la oswa konsèy la, tout lòt moun otorizé pou entèveni nan odians la e prezanté témwayaj. Yon odians konsa dwe tout lè pratikab, kondwi an akò avèk règ evidans aplikab nan tribinal distri-a nan Etazini anba lwa pwosedi sivil nan tribinal distri Etazini, Kite adopté pa tribinal Siprèm Etazini konfòmémman a seksyon 2072 nan tit 28, Kòd Etazini [seksyon 2072 nan tit 28].

(c) [Rédiksyon nan temwayaj ekriti; konklizyon e òdonans konsèy la] Temwayaj kite pran pa manm sa, ajan oswa ajans, oswa konsèy la dwé redwi pa ekri e depozé avèk konsèy la. Aprè sa, nan diskresyon li, sou avi konsèy kapab pran plis temwayaj oswa tandé diskisyon. Si sou préponderans temwayaj ki pran yo e si konsèy la pansé ke moun ki te sité nan plaint la te angajé nan oswa angajé nan nenpòt pratik delwayal travay, alò konsèy la ap déklaré

Nan konklizyon fè yo e l-ap delivré-l yon manda sou òdonans a moun sa pou-l sispann e absteni nan pratik delwayal travay, e pou pran mézi pozitif enkli reyintegrasyon travayè yo avèk oswa san aryéré salè yo, jan yo pral efekte règleman yo nan lwa sa [sou chapit]: Stipilé, lòske yon òdonans egzijé reyintegrasyon yon travayè, selon ka, responsab pou diskriminasyon ke li te soufri: e stipilé pilwoin, nan detèminé si yon plaint prétann yon violasyon nan seksyon 8(a)(1) oswa seksyon 8(a)(2) [sou seksyon (a)(1) oswa (a)(2) nan seksyon 158 nan tit sa], nan desidé sou ka yo, menm regilasyon ak règleman nan desizyon ap apliké endepandaman si yon òganizasyon travay afekté ou pa afilié avèk yon òganizasyon travay nan kad nasyonal oswa entènasyonal. Odonans sa kapab egzijé pilwoin moun sa pou-l fè rapò yo detanzantan pou montré nan ki degré li te konfòm avèk òdonans la. Si sou préponderans temwayaj ki te pran Konsèy la pa ta dwé nan opinyon moun ki nomé nan plaint la te angajé nan oswa angajé nan nenpòt pratik delwayal travay, alò konsèy la ap ekspozé konklizyon fè yo e l-ap rann yon òdonans pou-l rejete plaint la. Okenn òdonans konsèy la pa dwe egzijé reyintegrasyon nenpòt endividi kòm yon travayè ki te sispann oswa revoké, oswa te genyen aryéré salè kité fèt ali menm, si moun sa te sispann oswa révoqué pou rézon sa, nan ka koté evidans la te prezanté devan yon manm konsèy la, oswa devan jij sou lwa administratif la oswa plizyè jij, manm sa, oswa jij sa oswa jij yo selon jan ka ye, l-ap delivré yon manda a pati ki nan odians la yon rapò propozé, ansanm avèk yon òdonans rekòmandé, ki dwe depozé avèk konsèy la, e si pa genyen yon eksepsyon ki depozé pandan vin jou aprè ke manda te sèvi a pati yo, oswa nan yon delè siplemantè ke konsèy la kapab otorizé, òdonans rekòmandé sa-ap vini òdonans konsèy la l-ap vini efektif jan li preskri-a.

[Tit “Jij lwa administratif” te adopté nan 5 U.S.C. § 3105.]

(d) [Modifikasyon konklizyon oswa òdonans anvan-w depozé dosyé nan tribinal] jiskaske yon dosyé nan yon ka ta dwe depozé nan yon tribinal, kom previ stipilé, konsèy la kapab a nenpòt moman, sou yon avi rézonab e nan fason li jijé apropiyé, modifyé oswa anilé, an antyé oswa anpati, tout konklizyon oswa òdonans ki te rann oswa li te emèt.

(e) [Petisyon a tribinal pou ranfòsé òdonans; odians; revizyon jijman] Konsèy la ap genyen pouvwa pou-l fè petisyon a nenpòt tribinal dapèl nan Etazini, oswa si tout tribinal dapèl yo koté demann yo te kapab fèt anvakans, nenpòt tribinal distri nan Etazini, nan nenpòt sikwi oswa distri, respektivman, koté yon pratik dewlayal travay te rive oswa koté moun sa rezidé oswa koté-l fè biznis pou ranfòsman òdonans sa e pou yon soulajman tanporè apropiyé oswa enjonksyon òdonans, e l-ap depozé nan tribinal dosyé nan odians la.

24 **LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY**

Jan li stipilé nan seksyon 2112 nan tit 28, Kòd Etazini [seksyon 2112 nan tit 28]. Lè-l fini depozé petisyon sa, tribinal la ap bay yon notis pou sèvi manda a moun sa, e sou sa l-ap genyen jiridiksyon odians la e kesyon-an ap detèminé ladan-l, e l-ap genyen otorité pou li bay yon soulajman tanporè oswa ranfòsé òdonans la ke li jijé jis e apropiyé, e poufè e antré yon dekrè ranfòsé, modifyé e ranfòsé jan li modifyé-a, oswa anilé an antyé oswa anpati òdonans konsèy la. Objeksyon ki pa-t prezanté devan konsèy la, manm li yo, ajan, oswa ajans, ap konsidéré pa tribinal la, amwens ke yon echek oswa neglijan pou prezanté objeksyon sa ap ekskizé a koz sikonstans ekstraòdinè yo. Konklizyon konsèy la konsènan kesyon sou fè yo si-l sipòté pa prèv sibstansyèl nan dosyé ki konsidéré an antyé ap définitif. Si nenpòt nan pati yo mandé tribinal la pèmisyon pou-l bay prèv siplemantè e li kapab montré a satisfaksyon tribinal la ke prèv siplemantè yo enpòtan e te genyen motif rézonab ki pa-t pwodui prèv sa nan odians la devan konsèy la, manm li yo, ajan, oswa ajans, tribinal la kapab òdoné pou prèv siplemantè sa yo poté devan konsèy la, manm li yo, ajan, oswa ajans, e pou yo kapab fè pati nan dosyé-a. Konsèy la kapab modifié konklizyon li yo sou fè oswa fè lòt konklizyon, pou rézon ke prèv adisyonèl yo te pran e te depozé, e l-ap dépozé konklizyon modifyé yo oswa nouvo konklizyon yo, konklizyon sa konsènan kesyon sou fè yo si yo te sipòté pa prèv enpòtan nan dosyé-a ki te konsidéré an antyé ap konsidéré kòm définitif, e l-ap dépozé rekòmandasyon li, si genyen, pou modifikasyon oswa anilasyon òdonans orijinal la. Lè li fini dépozé dosyé-a nan jiridiksyon tribinal la ap ekskliziv e jijman e dekrè-a ap définitif, eksepte menm nan ap sijè a yon revizyon pa tribinal dapèl Etazini ki apwopriyé si aplikasyon-an te dépozé nan tribinal distri-a jan li te prevwa anwo-a, e pa tribinal siprèm Etazini sou yon brèf pou montré prèv oswa sètifikasyon jan li prévwa nan seksyon 1254 nan tit 28.

(f) [Revizyon òdonans final konsèy la sou petisyon a tribinal la] Nenpòt moun ki pa satisfè a òdonans final konsèy la ki bay oswa ki refizé an antyé oswa anpati soulajman ke yo t-ap chaché-a ka jwenn yon révizyon òdonans la nan nenpòt tribinal dapèl Etazini nan zòn koté pratik delwayal travay an kesyon-an te prétann rivé oswa koté moun nan reté oswa koté li fè biznis, oswa nan tribinal apèl Etazini pou distri kolombia, lè-w dépozé nan tribinal sa yon petisyon pa ekri priyé pou ke òdonans konsèy la kapab modifyé oswa anilé. Yon kopi pétisyon sa ap transmèt imédiatman pa grefyé tribinal la a konsèy la e alò pati ki pa satisfè-a ap depozé nan tribinal la dosyé odians la, ki sètifyé pa konsèy la, ki prevwa nan seksyon 2112 nan tit 28, Kòd Etazini [seksyon 2112 nan tit 28]. Lè-w dépozé petisyon sa tribinal la ap kontinyé nan menm fason-an

Menm jan nan yon ka yon aplikasyon pa konsèy la anba sou seksyon (e) nan seksyon sa, e l-ap genyen menm jiridiksyon pou-l bay konsèy la soulajman tanporè sa oswa ranfòsman òdonans la jan li jijé jis e apropiyé e menm fason poufè e rantré yon dekrè ranfòsé, modifyé, e ranfòsé men jan li te modifyé-a oswa anilé an antyé oswa anpati òdonans konsèy la; konklizyon konsèy la konsènan kesyon sou fè si-l sipòté pa yon prèv définitif nan dosyé ap konsideré an antyé nan menm fason-an ap konsideré définitif.

(g) [Enstitisyon nan pwosedi jidisyè sispansyon nan desizyon konsèy la] Kòmansman yon pwosédi anba sou seksyon (e) oswa (f) seksyon sa pa dwe, amwens ke spesifikman òdoné pa tribinal la, nan efè pou sispann òdonans tribinal la.

(h) [Jiridiksyon tribinal yo pa afekté pa limitasyon ki preskri nan chapit 6 nan tit sa] Lè gen yon soulajman tanporè apropiyé ki bay oswa yon enjonksyon, oswa fè e antré yon dekrè ranfòsé, modifyé e ranfòsé jan li modifyé-a, oswa anilé an antyé oswa anpati yon òdonans konsèy la, jan li prévwa nan seksyon sa, jiridiksyon tribinal yo chita nan jistis pa dwe limité pa seksyons 101 a 115 nan tit 29, Kòd Etazini [chapt 6 nan tit sa] [ke yo rekonèt sou non “Lwa Norris-LaGuardia”].

(i) Abrojé.

(j) [Enjonksyon] Konsèy la dwe genyen otorité, lè yo emèt yon plaint konfòmeman sou seksyon (b) [nan seksyon sa] chajé nenpòt moun ki te angajé nan oswa angajé nan yon pratik délwayal travay, pou fè yon pétisyon nan nenpòt tribinal distri nan Etazini, nan nenpòt distri koté pratik delwayal an kesyon-an te sansé fèt oswa koté moun nan rezidé oswa koté li fè biznis pou yon soulajman tanporè apropiyé. Lè-w fini dépozé petisyon sa, tribinal la ap emèt yon notis pou sèvi yon manda a moun sa, e sou sa l-ap genyen jiridiksyon pou-l bay a konsèy la soulajman tanporè oswa ranfòsé òdonans ke li jijé jis e apropiyé.

(k) [Odians sou jiridiksyon grèv] Chak fwa ke li chajé ke yon moun te angajé nan pratik delwayal travay nan définisyon nan paragraf (4)(D) nan seksyon 8(b) [seksyon 158(b) nan tit sa], konsèy la genyen pouvwa pou-l dirijé yon odians e detèminé konfli kite sòti nan pratik delwayal travay ki te soulevé-a, amwens ke, pandan dis jou aprè notis chaj la te fini dépozé, pati yo ki nan diskisyon soumèt prèv satisfèzan a konsèy la ke yo te ajisté, oswa dakò sou metòd pou ajisteman volontè, diskisyon-an. Lè pati yo fini tonbé dakò sou diskisyon-an avèk desizyon konsèy la oswa sou ajisteman volontè diskisyon-an chaj sa yo ap anilé.

(l) [Boykotaj e grèv pou fòse rekonèt òganizasyon travay ki pa sètifyé; enjonksyon; avi.3; sèvis pwosésis] Nenpòt lè li chajé ke nenpòt moun te angajé nan yon pratik delwayal travay nan
24 LWA NASYONAL TRAVAY

Siyifikasyon paragraf (4)(A), (B), oswa (C) nan seksyon 8(b) [seksyon 158(b) nan tit sa], oswa seksyon 8(e) [seksyon 158(e) nan tit sa] oswa seksyon 8(b)(7) [seksyon 158(b)(7) nan tit sa], investigasyon préliminè chaj sa dwe fèt imediatman e bay priyorité sou tout lòt ka yo eksepte ka ki parèy yo nan biwo koté li té dépozé-a oswa koté li te referé-a. Si, aprè investigasyon sa, ofisyé-a oswa avoka rejyonal ke ka te referé ali menm nan genyen motif rezonab pou kwè ke chaj sa vré e yon plaint dwe bay, la pral nan non konsèy la, fè petisyon nan tribinal distri Etazini ki nan nenpòt distri koté pratik delwayal an kesyon-an té rivé, pretann ki te rivé, oswa koté moun nan reté oswa koté li fè biznis, enjonkson apropriy an atandan règleman définitif konsèy la konsènan sijè sa. Lè-w fini dépozé nenpòt petisyon tribinal distri-a ap genyen jiridiksyon pou-l bay yon soulajman enjonksyon oswa yon òdonans ranfòsé tanporè ke-l jijé jis e apropriyé, malgré lòt pwovisyon nan lwa: stipilé pi lwoin, ke okenn òdonans ranfòsé tanporè pap bay san yon avi amwens ke yon petisyon pretann ke te genyen blési grav ki pa kapab réparé a pati ki te depozé plaint la ap vini inevitab e òdonans ranfòsé tanporè-a ap vini efikas pa pou plis ke senq jou e l-ap anilè lè peryod la ekspiré: stipilé pi lwoin, ke ofisyé sa oswa avoka rejyonal la pap apliké pou yon òdonans ranfòsé anba seksyon 8(b)(7) [seksyon 158(b)(7) nan tit sa] si yon chaj kont anplwayè-a anba seksyon 8(a)(2) [seksyon 158(a)(2) nan tit sa] te dépozé e aprè investigasyon préliminè-a, li genyen motif rézonab pou-l kwè ke chaj sa vré e plaint sa dwé emèt. Lè-w dépozé nenpòt petisyon tribinal yo ap emèt yon avi pou sèvi yon manda a nenpòt moun ki enpliké nan chaj la e moun sa, enkli pati ki dépozé plaint la, ap genyen òpotinité pou reprezanté pa yon avoka e prezanté nenpòt temwayaj ki valab: stipilé pi lwoin, ke pou objektif sa yo nan sou seksyon sa tribinal distri-a ap jijé bon pou-l genyen jiridiksyon yon òganizasyon travay (1) nan distri koté òganizasyon sa maintni biwo prensipal li yo, oswa (2) nan nenpòt distri koté li legalman òtorizé ofisyé yo oswa ajan yo ki angajé nan pwomosyon oswa protejé enterè manm travayè yo. Sèvis pwosé légal sou ofisyé oswa ajan ap konstityé sèvis sou òganizasyon travay e fè de òganizasyon sa yon pati nan pwosè-a. Nan sitiasyon koté soulajman sa apropriyé pwosedi ki spesifyé la ap apliké a plaint yo konsènan seksyon 8(b)(4)(D) [seksyon 158(b)(4)(D) nan tit sa].

(m) [Pryorité ka yo] Nenpòt lè li chajé ke nenpòt moun te angajé nan yon pratik delwayal travay nan définisyon sou seksyon (a)(3) oswa (b)(2) nan seksyon 8 [seksyon 158 nan tit sa], chaj sa dwé bay priyorité sou tout lòt ka yo eksepte sa ki parèy yo nan biwo koté li te depozé-a oswa koté li te referé-a e ka sa yo bay priyorité anba sou seksyon (1) [nan seksyon sa].

POUVWA ENVESTIGATIF

Sec. 11. [§ 161.] Nan bi pou tout odians e investigasyon ki nan opinion konsèy la, nesèsè e konvenab egzèsis pouvwa yo ki konferé nan seksyon 9 e seksyon 10 [seksyon 159 e 160 nan tit sa]

(1) [Prè v dokimantè; konvokasyon temwen e pran temwayaj] Konsèy la, oswa ajan li yo ki légalman otorizé oswa ajans yo, dwe nan tou tan ki rézonab genyen aksè a, nan bi pou egzaminasyon, e dwa pou kopyé nenpòt évidans de nenpòt moun ki sou investigasyon oswa pouswit ki rapòté a tout kesyon sou ankèt anba investigasyon oswa an kesyon. Konsèy la, oswa nenpòt manm, dwe sou aplikasyon de nenpòt pati sou pwosè-a, san delè delivré a yon pati yon manda pou konparèt egzijé prezans e temwayaj temwen yo oswa pou pwodwi nenpòt evidans nan seyans sa oswa investigasyon ki mandé nan aplikasyon sa. Pandan senq jou aprè manda te fini delivré a nenpòt moun egzijé pou pwodwi evidans ki nan posesyon li oswa sou kontwòl li, moun sa kapab fè yon petisyon a konsèy la pou révoké, e konsèy la dwe revoké, manda sa si li nan opinion-l evidans ke pwodiksyon-an egzijé pa relaté sou zafè sa ki sou investigasyon oswa nenpòt afè an kesyon nan seyans sa, oswa si li nan opinion ke manda sa pa dekri prè v yo avèk yon patikilarité sifizaman ke pwodiksyon-an egzijé. Nenpòt manm konsèy la, oswa nenpòt ajan oswa ajans ki te deziyé pa konsèy la nan bi sa, kapab fè preté sèman ak resevwa afimasyon, egzaminé temwen yo, e resevwa evidans. Prezans temwen yo e pwodiksyon evidans sa yo ka rivé nan nenpòt koté nan Etazini oswa nenpòt teritwa oswa posesyon, nan nenpòt plas odians deziyé.

(2) [Ed tribinal nan pwodiksyon evidans k-ap konvinq e prezans temwen] Nan ka yon dézobeyisans oswa refizé pou obeyi a yon manda ki te bay a nenpòt moun, nan nenpòt tribinal distri Etazini oswa tribinal Etazini yo nan nenpòt teritwa oswa posesyon, nan jiridiksyon koté demann la te fèt la oswa nan jiridiksyon koté moun ki te koupab de yon dézobeyisans oswa refizé pou obeyi te jwenn oswa rézidé oswa koté li fè biznis, sou aplikasyon pa konsèy la dwe genyen jiridiksyon pou-l bay a moun sa yon òdonans ki egzijé-l pou-l konparèt devan konsèy la, manm li yo, ajan, oswa ajans, pou yo bay evidans si sa te òdoné, oswa pou yo bay temwayaj ki touché afè sa ki sou investigasyon oswa ki genyen rapò a kesyon-an; e nenpòt réfi pou obeyi òdonans tribinal sa kapab pini pa tribinal la kòm yon mépri a tribinal.

(3) Abrojé.

[Iminité a temwen. wè 18 U.S.C. § 6001 et seq.]

(4) [Pwosèsis, sèvis e retou; frè temwen yo] Plaintiff, lòd ak papyé konsèy la; manm li yo, ajan, oswa ajans, kapab sèvi pèsonelman oswa pa

Lapòs rekòmandé oswa sètifyé oswa pa télégraf oswa kité yon kopi nan biwo prensipal oswa lokal biznis moun k-ap resevwa manda. Retou-a dwe verifyé pa endividi ki resevwa manda nan menm anviwònman nan fason sèvis sa dwe yon prèv pou menm nan, e resi biwo lapòs la oswa resi télégraf la lè-l rekòmandé oswa sètifyé e posté oswa lè télégraf la jan li spesifyé-a dwé kòm yon prèv sèvis la menm. Temwen ki konvoké devan konsèy la, manm li yo, ajan, oswa ajans, dwe peyé menm frè ak kilometraj ke temwen yo peyé nan tribinal Etazini, e temwen ke yo pran dépozisyon yo ak moun yo ki pran menm bagay yo ap genyen menm dwa pou yo peyé menm frè pou menm sèvis nan tribinal Etazini yo.

(5) [pwosesis, koté k-ap sèvi] Tout pwosesis nan nenpòt tribinal koté aplikasyon kapab fèt anba lwa sa [sou chapit] ka sèvi nan distri jidisyè koté defandè-a oswa lòt moun ki dwe siyifyé abité oswa koté yo kapab jwenn li.

(6) [Enfòmasyon e asistans bò koté depatman yo] Plizyè depatman ak ajans gouvènman yo, lòs ke yo dirijé pa Prézidan, dwe founi konsèy la sou demann, tout dosyé, dokiman ak enfòmasyon yo genyen nan posesyon yo konsènan nenpòt sijè devan konsèy la.

Sek. 12. [§ 162. Ofans ak pénalité] Nenpòt moun ki volontèman rezisté, anpeché, antravé, oswa entèféré avèk nenpòt manm konsèy la oswa nenpòt nan ajan oswa ajans li yo nan pèfòmans devwa yo anba lwa sa [sou chapit] ap pini pa yon amann pa plis ke senq mil dola \$5,000 oswa pa anprizonman pa plis pasé yon lane, oswa toulède.

LIMITASYON

Sek. 13. [§ 163. Dwa poufè grèv prezèvé] Anyen nan lwa sa [sou chapit], eksepte jan li spesifikman prèvw a nan kontra, li pa kapab entèpreté nan fason pou-l entèféré avèk oswa antravé oswa diminyé nan okenn fason dwa poufè grèv oswa pou afekté limitasyon-l oswa kalifikasyon nan dwa sa.

Sek. 14. [§ 164. Konstriksyon sou pwovisyon] (a) [Sipèvizè antan ke manm sendika] Anyen nan prèzan sa pap entèdi okenn endividi ki anboché kòm yon sipèvizè pou deveni oswa reté yon manm nan yon òganizasyon travay, men okenn anplwayè pap soumèt a lwa sa [sou chapit] dwe kontrenn pou konsidéré endividi-sa kòm sipèvizè anboché nan bi tout lwa, keseswa nasyonal oswa lokal, konsènan négosasyon kolektif.

(b) [Akò egzijé apatenans a yon sendika nan violasyon lwa Eta] Anyen nan lwa sa [sou chapit] pa dwe konsidéré kòm yon otorizasyon ekzékisyon oswa aplikasyon akò ki mandé pou manm yon òganizasyon travay kòm kondisyon anbochaj nan nenpòt Eta oswa teritwa koté ekzékisyon oswa aplikasyon entèdi pa Eta oswa lwa terityal.

(c) [Pouvwa konsèy la pou-l refizé jiridiksyon nan konfli travay; afimasyon jiridiksyon nan Eta e tribinal teritoryal yo] (1) Konsèy la, nan diskresyon li, kapab, nan règ desizyon oswa nan lwa ki pibliyé adopté dapre lwa sou pwosédi administratif [sou chapit II nan chapit 5 nan tit 5], refizé pou afimé jiridiksyon nan nenpòt konfli travay ki enpliké nenpòt klass oswa kategori anlwayè, koté, nan opinion konsèy la, efè sou konfli travay sa sou komès pa sifizaman enpòtan pou-l jistifyé ekzèsis jiridiksyon li: Stipilé, ke konsèy la pap refizé pou-l afimé jiridiksyon li nan nenpòt konfli travay koté l-ap afimé jiridiksyon li anba standa ki te établi nan premyé daou, 1959.

(2) Anyen nan lwa sa [sou chapit] dwe konsideré pou prevni owa anpeché nenpòt ajans oswa tribinal nan nenpòt Eta oswa teritwa (enkli Puerto Rico, Guam, e Virgin Islands), nan asimé e afimé jiridiksyon-l sou konfli travay sou sa ke konsèy la te refizé, anvèti paragraf (1) nan sou seksyon sa, pou afimé jiridiksyon.

Sek. 15. [§ 165.] Omèt

[Réferans pou abrojé pwovisyon nan lwa sou fayit.]

Sek. 16. [§ 166. Séparabilité nan pwovisyon] Si nenpòt pwovisyon nan lwa [sou chapit], oswa aplikasyon pwovisyon sa a nenpòt moun oswa sikonstans yo, dwe konsidéré kòm nil, sa ki reté nan lwa sa[sou chapit], oswa aplikasyon pwovisyon sa a moun yo oswa sikonstans yo òt ke sa ki pa valab, pa dwe afekté.

Sek. 17. [§ 167. Tit abrejé] Lwa sa [sou chapit] kapab cité sou tit “Lwa Nasyonal Relasyon Travay.”

Sek. 18. [§ 168.] Omèt

[Referans a anyen sek. 9(f), (g), e (h).]

ENDIVI AVEK KONVIKSYON RELIJYE

Sek. 19. [§ 169.] Nenpòt travayè ki se yon manm nan e adéré a prensip établi oswa ansèyman yon relijyon, kò, oswa seks ki istorikman toujou kenbe yon objeksyon konsyans poufè pati oswa sipòté finansyèman òganizasyon travay yo pap mandé poufè pati oswa finansyèman sipòté òganizasyon travay kòm yon kondisyon pou anbochaj; eksepte ke travayè sa kapab genyen yon obligasyon nan yon kontra ant travayè anlwayè-a avèk yon òganizasyon travay nan plas kotizasyon peryodik e frè inisyèl, pou peyé montan égal a kotizasyon sa yo e frè douvèti yo a yon non relijyé, òganizasyon charitab fon ki dispansé nan enpo anba seksyon 501(c)(3) nan tit 26 nan kòd Entènal Revni Kòd [seksyon 501(c)(3) tit 26], ki chwazi pa travayè sa nan yon lis omwnen twa nan fon sa yo, deziyé nan yon kontra oswa si kontra manké pou-l deziyé fon sa yo, alò nenpòt jan de fon sa yo ki te chwazi pa travayè-a. Si travayè sa ki kenbe yon objeksyon konsyans konfòméman a seksyon sa

Pou mandé òganizasyon travay la pou-l itilizé pwosédi griyèf abitraj sou non travayè yo, òganizasyon travay la otorizé pou-l chajé travayè-a montan rézonab pou itilizasyon pwosédi sa.

[Sek. ajouté, Pub. L. 93–360, Jiyè 26, 1974, 88 Stati. 397, e modifyé , Pub. L. 96–593, Dec. 24, 1980, 94 Stat. 3452.]

25 0 LWA TRAVAY RELASYON AK JESYON

LWA TRAVAY RELASYON AK JESYON

Egalman cité LMRA; 29 U.S.C. §§ 141–197

[Tit 29, Chapit 7, Kòd Etazini]

TIT KOUT AK DEKLARASYON REGLEMAN

Seksyon 1. [§ 141.] (a) Lwa sa [chapit] kapab cité kòm “Lwa Travay Relasyon ak Jesyon, 1947.” [Etou yo rekonèt kòm “Lwa Taft-Hartley.”]

(b) Konfli endistriyèl ki entèferé avèk déwoulman nòminal komès e avèk pwodiksyon konplè atik ak pwodui pou komès, kapab evité oswa konsidérableman minimizé si anplwayè yo, travayè yo e òganizasyon travay yo chak rekonèt dapre lwa yonn lòt nan dwa léjitim nan relasyon yo avèk youn lòt, e sitou pou rekonèt dapre lwa ke okenn pati pa genyen okenn dwa nan relasyon li avèk lòt moun pou-l angajé nan aksyon oswa pratik k-ap meté andanjé santé piblik, sekirité, oswa entèrè.

Se bi ak régilasyon lwa sa [chapit], nan bi pou pwomoté plein déwoulman komès, pou preskri dwa lejitim pou travayè ak anplwayè yo nan relasyon yo ki afekté komès, pou prévwa pwosédi òdoné ak lapè pou anpeché enjerans bò koté swa avèk dwa lejitim lòt, pou pwotejé dwa travayè endividyèl yo yo nan relasyon yo avèk òganizasyon travay ki genyen aktivité ki afekté komès, pou défini e proskri pratik bò koté òganizasyon travay ak jesyon k-ap afekté komès e ki défavorab a byennèt sosyal, e pou protejé dwa piblik la an koneksyon avèk konfli travay ki afekté komès.

TIT I, Modifyé

LWA TRAVAY RELASYON AK JESYON

29 U.S.C. §§ 151–169 (enprimé anwo-a)

TIT II

[Tit 29, Chapit 7, Sou chapit III, Kòd Etazini]

KONSILIASYON DISKISYON TRAVAY NAN ENDISTRI KI AFEKTE KOMES;

IJANS NASYONAL

Sek. 201. [§ 171. Deklarasyon objektif e règleman] Se règleman Etazini ke—

(a) anonsé e stabilizé la pè endistriyèl ak pwogrè nan byennèt sosyal, santé, ak sekirité nasyon-an nan bon entèrè anplwayè ak travayè yo kapab pi asiré nan fason ki pi satisfézan nan règleman pwoblèm ant anplwayè ak travayè yo atravè pwosésis nan konféran

avèk négosiyon kolektif pami anplwayè yo ak réprézantan travayè yo;

(b) règleman pwoblèm yo ant anplwayè ak travayè yo atravè négosiyon kolektif kapab avansé nan mize a dispozisyon konplè ak bon jan enstalasyon gouvènman pou konsiliasyon, mediasyon, e abitraj volontè pou edé e ankourajé anplwayè ak réprézantan travayè yo pou yo atènn ak mentni akò konsènan to salè, lè yo travay, ak kondisyon travay, e poufè tout efò posib pou reglé konfli nan yon akò mityèl ke yo jwenn atravè konfèrans nan négosiyon kolektif oswa pa metòd ki kapab prevwa nan nenpòt akò ki aplikab pou rézoud konfli; e

(c) sèten kontwovès ki soulevé ant pati yo akò négosiyon kolektif kapab evité oswa minimizé nan mize a dispozisyon konplè ak bon jan enstalasyon gouvènman pou founi asistans a anplwayè yo ak réprézantan travayè yo nan fòmilasyon pou enklizyon akò sa yo pwovisyon pou yon notis adekwat nan nenpòt chanjman pwopozé nan tèm akò sa yo, nan ajisteman final doleyans yo oswa kesyon ki genyen rapò ak aplikasyon oswa entèpretasyon akò sa yo, e lòt pwovisyon deziyé pou prevni lòt kontwovès ki ka soulevé.

Sec. 202. [§ 172. Sèvis Fédéral pou Médiasyon ak konsiliasyon]

(a) [**Kreyasyon; nominasyon direktè**] Genyen yon ajans endepandan ki te kreyé pou rekonèt kòm sèvis Federal médiasyon ak konsiliasyon (la li referé kòm “sèvis,” eksepté pou swasant jou aprè 23 jen 1947, tèm sa yo ap referé a sèvis konsiliasyon nan Dépatman travay la). Sèvis la ap anba direksyon Federal médiasyon avèk direktè konsiliasyon (li referé la kòm “Direktè”), k-ap nomé pa prezidan e avèk konsèy e konsantman Sena. Direktè-a pa-p angajé nan okenn lòt biznis, vokasyon, oswa lòt travay.

(b) [**Nominasyon ofisyé yo ak travayè yo; dépans pou founiti, lokal ak sèvis yo**] Direktè-a otorizé, sijè a lwa sou sèvis sivil, pou nomé anplwayé biwo yo e lòt pèsonel ki kapab nesèsè pou ekzékisyon nan fonksyonman sèvis la, e fiksé salè yo konfòmman avèk seksyons 5101 a 5115 e seksyons 5331 a 5338 nan tit 5, Kòd Etazini [chapit 51 e sou chapit III nan chapit 53 nan tit 5], e li kapab, san ega a pwovisyon nan lwa sèvis sivil, nomé konsilyatè e mediatè ki ka petèt nesèsè pou ekzékite fonksyon sèvis la. Direktè-a otorizé pou-l fè jan de dépans sa yo pou founiti, lokal yo, ak sèvis ke li jijé nesèsè. Dépans sa yo dwe atribiyé e peyé sou prezantasyon pyès jistifikatif ki aprouvé pa direktè-a oswa nenpòt travayè ki deziyé pa li menm pou bi sa.

49250 LABOR MANAGEMENT RELATIONS ACT

(c) [Prensipal e biwo rejyonal yo; délégasyon otorité pa Direktè-a; rapò anyèl a Kongrè] Biwo prensipal sèvis la ap nan distri kolonbia, men Direktè-a kapab etabli biwo rejyonal yo pwòch a lokalité koté ki ka genyen plis konfli nan travay. Direktè-a kapab pa yon òdonans, ki sijè a revokasyon nenpòt lè, delegé nenpòt otorité avèk diskresyon ki te konferé sou li pa lwa sa [chapit] a nenpòt direktè rejyonal, oswa lòt ofisyé oswa travayè sèvis la. Direktè-a kapab établi pwosédi apropriyé pou kopérasyon avèk Eta e lokal ajans médiasyon yo. Direktè-a ap preparé yon rapò anyèl a lekri a kongrè-a nan finisman ané fiskal la.

(d) [Transfè tout sèvis médiasyon ak konsiliasyon yo a Sèvis; dat efektif; odians ki an atant ki pa afekté] Tout fonksyon médiasyon ak konsiliasyon sekretè travay la oswa sèvis konsiliasyon Etazini seksyon 51 [abrojé] nan tit 29, Kòd Etazini tit sa], e tout fonksyon sèvis konsiliasyon Etazini yo anba nenpòt lòt lwa ap transferé a sèvis konsiliasyon e mediasyon Federal, ansanm avèk pèsonel e dosyé yo sèvis konsiliasyon Etazini. Transfè sa ap antré anvigè sou swasantyèm jou aprè 23 jen 1947. Transfè sa pap afekté okenn odians ki an atant devan sèvis konsiliasyon Etazini yo oswa nenpòt sètifikasyon, òdonans, règ, oswa regilasyon ki la yo ki te fèt pa li menm oswa pa sekretè travay la. Direktè-a e sèvis la pap sijè nan okenn fason a jiridiksyon oswa otorité sekretè travay la oswa okenn ofisyèl oswa divizyon Dépatman Travay la.

FONKSYON SEVIS LA

Sek. 203. [§ 173. Fonksyon sèvis] (a) [Solisyon nan konfli atravè konsiliasyon ak mediasyon] L-ap responsabilité sèvis la, nan fason pou prevni oswa minimizé entèripsyon nan lib déwoulman komès k-ap ogmanté nan konfli travay, pou asisté pati yo nan konfli travay nan endistri yo ki afekté komès pou rézoud konfli sa yo atravè konsiliasyon ak mediasyon.

(b) [Entèvansyon sou mosyon sèvis oswa demann pati yo; evité médiasyon pou konfli ki piti yo] Sèvis la kapab ofri sèvis li nan nenpòt konfli travay ki nan nenpòt endistri ki afekté komès, swa sou pwòp mosyon li oswa sou yon demann de yonn ou plizyè nan pati yo nan yon konfli, nenpòt lè nan jijman-l konfli sa menasé pou-l kozé yon entèripsyon sibstansyèl nan komès. Direktè-a ak sèvis la ap òdoné pou evité eseyé reglé konfli yo ki selman genyen yon efè minè sou komès ant eta yo si Eta oswa lòt sèvis konsiliasyon disponib a pati yo. Nenpòt lè sèvis la ofri sèvis li a nenpòt konfli, l-ap vini responsabilité sèvis la pou-l meté-l rapidman an kominikasyon avèk pati yo e pou-l fè tout efò posib li, nan mediasyon ak konsiliasyon pou yo kapab rivé a yon antant.

(c) **[Aranjman konfli yo pa lòt mwayen lè konsiliasyon-an echwé]** Si Direktè-a pa an mézi pou-l fè pati yo jwenn yon antant nan konsiliasyon nan yon delè rézonab, li dwé chèche pou-l mennen pati yo volontèman pou yo chèche lòt mwayen pou reglé konfli yo san yo pa abouti nan grèv, blokaj, oswa lòt kontrent, enkli soumisyon travayè yo nan négosiasyon kolektif nan denyè òf anplwayè-a tè fè nan antant la pou aprouvé oswa rejete nan yon bilten sekre. Ehek oswa réfi nenpòt pati pou aksepté nenpòt pwosédi sijeré pa Direktè-a pa dwé konsidéré kòm yon violasyon nan devwa oswa responsabilité nan lwa sa [chapit].

(d) **[Itilizé sèvis konsiliasyon ak mediasyon kòm denyé resous]** Ajisteman final sou yon métòd ki aksepté ant pati yo te déklaré pou-l kapab yon métòd dézirab nan aranjman konfli ki soulevé sou aplikasyon oswa entèpretasyon yon akò ki te ekzisté nan négosiasyon kolektif. Sèvis la te òdoné pou-l fè sèvis konsiliasyon li avèk mediasyon-l disponib nan aranjman konfli griyèf sa yo pou diskité sèlman kòm yon denyé resous e nan ka eksepsyonèl yo.

(e) **[Ankourajman e sipò nan établisman ak opérasyon nan aktivité konjwoin jesyon travay kondwui pa komité yo]** Sèvis la otorizé e òdoné pou ankourajé e sipòté etablisman ak opérasyon nan aktivité konjwoin jesyon travay ki dirijé pa izin nan, zòn, komité yo nan tout endistri-a deziyé pou amelyoré relasyon jesyon travay yo, sekirité nan travay e efikasité òganizasyon-an, an akò avèk pwovisyon yo nan seksyon 205A [seksyon 175 nan tit sa].

[Pub. L. 95–524, § 6(c)(1), Okt. 27, 1978, 92 Stat. 2020, ajouté sou sek. (e).]

Sek. 204. [§ 174. Ko-égal obligasyon travayè yo, réprézantan yo, e jesyon pou minimizé konfli travay] (a) Nan fason pou prevni oswa minimize entèripsyon nan lib déwoulman komès k-ap sòti nan konfli travay yo, anplwayè ak travayè yo e réprézantan yo, nan nenpòt endistri ke komès la afekté, dwe—

(1) ekzèsé tout efò rezonab poufè e maintni akò yo konsènan tarif pèman, lè yo travay, ak kondisyon travay yo, enkli pwovisyon pou notis adekwat nan nenpòt chanjman ki pwopozé nan tèm akò sa yo;

(2) Nenpòt lè yon konfli soulevé sou tèm oswa aplikasyon yon akò négosiasyon kolektif e yon konférans ki mandé pa yon pati oswa yon evantyèl pati, aranjé rapidman pou konferans sa k-ap fèt la eseyé nan konférans sa pou rézoud konfli sa yo rapidman; e

(3) Nan ka konfli ki pa rézoud pa konférans la, patisipé pleinman e rapidman nan rankont sa si yo kapab pran pa sèvis la anba lwa sa [chapit] nan bi pou édé nan rézoud konfli.

Sek. 205. [§175. Komité Nasyonal Jesyon Travay; Kréyasyon ak konpozisyon; nominasyon, jesyon, e konpansasyon; fonksyon] (a) la
49252 LWA RELASYON JESYON TRAVAY

Te kréyé yon komité Jesyon Nasyonal Travay k-ap konpozé de 12 manm nomé pa prezidan, e sis ladan yo ap eli pami pèsonalité ekseptyonèl nan domèn jesyon e sis ladan yo ap eli pami pèsonalité ekseptyonèl nan domèn travay. Chak manm ap nomé pou yon peryòd de 3 lané, eksepté ke nenpòt manm ki nomé pou konblé yon vakans ki rivé anvan exspirasyon manda ke predesèsè li-a te nomé e l-ap nomé pou fen tèms manda sa, e diré manda premyé manm yo ki an fonksyon ap ekspiré, jan li te deziyé pa prezidan nan lè nominasyon-an te fèt la, kat a la fen premyé ané-a, kat a la fen dezyèm ané-a, e kat a la fen twazyèm ané-a aprè dat nominasyon-an. Manm komité-a, lè y-ap sèvi biznis komité la, yo dwe peyé yo konpansasyon nan yon to de 25 dola pa jou, e yo gen dwa pou résevwa yon alokasyon pou dépans aktyèl e nesèsè vwayaj la pandan y-ap sèvi andeyò koté yo reté-a.

(b) L-ap devwa komité-a sou demann Direktè-a, pou-l konseyé pou evité kontwòvès endistriyèl yo ak fason mediasyon e ajisteman volontè ap administré, patikilyèman avèk réferans a kontwòvès ki afekté byenèt jeneral peyi-a.

Sek. 205A. [§175a. Asistans a izin, zòn, komité jesyon travay atravè tout endistri-a]

(a) [Etablisman e opérasyon izin, zòn, e komité atravè tout endistri-a] (1) Sèvis la te otorizé e òdoné pou-l bay asistans nan etablisman e opérasyon izin, zòn komité jesyon travay atravè tout endistri-a—

(A) kite òganizé ansanm pa anplwayè e òganizasyon travay ki reprezanté travayè nan izin sa, zòn oswa endistri; e

(B) te etabli nan bi pou améyòré relasyon jesyon travay, sekirité travay, efikasité òganizasyonèl améyòré developman ekonomik oswa patisipasyon travayè nan desizyon ki afekté travay yo enkli améyòré kominikasyon konsènan sijè entèrè komen.

(2) Sèvis la otorizé e òdoné pou-l antré nan kontra e bay sibvansyon, koté ki nesèsè oswa apropriyé, pou-l akité de responsabilité li yo anba seksyon sa.

(b) [Restriksyon sou sibvansyon yo, kontra yo, oswa lòt asistans] (1) Pa genyen sibvansyon ki ka bay, okenn kontra pa ka konkli e pa gen lòt asistans ki kapab bay anba pwovizyon yo nan seksyon sa a yon izin komité jesyon travay amwens ke travayè yo nan izin sa te reprezanté pa yon òganizasyon travay e ki anvigè nan izin sa sou akò négosiyasyon kolektif.

(2) Pa genyen sibvansyon ki kapab bay, okenn kontra pa kapab konkli e pa gen lòt asistans ki kapab bay anba pwovizyon yo nan seksyon an

Yon zòn oswa atravè komité jesyon travay tout endistri-a amwens ke patisipan li yo enkli nenpòt òganizasyon travay sètifyé oswa rekonèt kòm réprézantan travayè yo de yon anplwayè ki patisipé nan komité sa. Anyen nan pwopozisyon sa pa dwe entèdi patisipasyon nan yon zòn oswa komité nan tout endistri-a pa yon anplwayè koté travayè li yo pa reprezanté pa yon òganizasyon travay.

(3) Pa genyen sibvansyon ki ka bay anba pwovizyon nan seksyon sa a nenpòt komité jesyon travay ke sèvis la jwenn ki genyen kòm yonn nan bi li yo dékourajman pou egzèsé dwa yo ki genyen seksyon 7 sou Lwa Nasyonal Relasyon Travay (29 U.S.C. § 157) [seksyon 157 nan tit sa], oswa entèferans avèk négosiyasyon kolektif nan nenpòt izin, oswa endistri.

(c) **[Etablisman biwo]** Sèvis la ap egzékité pwovizyon nan pwovizyon nan seksyon sa atravè yon biwo ki établi pou bi sa.

(d) **[Otorizasyon pou krédi]** Li te otorizé pou fè yon prè nan pwovizyon nan seksyon sa \$10,000,000 pou ané fiskal 1979, e montan sa kapab nesèsè pa la swit. [Pub. L. 95–524, § 6(c)(2), Oct. 27, 1978, 92 Stat. 2020, ajouté Sek. 205A.]

IJANS NASYONAL YO

Sec. 206. [§ 176. Nominasyon yon komisyon ankèt pa présidan; rapò; konteni; depo avèk sèvis] chak fwa nan opinion présidan Etazini, te menasé oswa yon grèv reyèl oswa blokaj afekté nan tout yon endistri oswa yon pati sibstansyèl ki angajé nan échanj, komès, transpòtasyon, transmisyon, oswa kominikasyon pami plizyè Eta oswa avèk peyi etranjé yo, oswa angajé nan pwodiksyon machandiz pou komès, l-ap, si-l pèmet pou-l rivé oswa kontinyé, pou meté anpèril sekirite e santé nasyonal, l-ap nomé yon komité dankèt pou envestigé nan pwoblèm ki enpliké nan konfli-a e bay yon rapò a lékri a li menm pandan tan sa jan li preskri-a. Rapò sa ap genyen yon ekspozé sou fè yo konsènan konfli-a, enkli déklarasyon chak pati yo nan pozisyon yo men pap genyen okenn rekòmandasyon. Présidan dwe depozé yon kopi rapò sa avèk sèvis la e konteni li dwe disponib a piblik la.

Sec. 207. [§ 177. Komité ankèt la]

(a) **[Konpozisyon]** Yon komité ankèt dwe konpozé de yon présidan e lòt manm yo tankou présidan ap detèminé, e l-ap genyen pouvwa pou-l chita e aji nan nenpòt plas nan Etazini e kondwi odians sa yo keseswa an piblik oswa anprivé, li kapab jijé nesèsè oswa apropriyé, pou établi fè yo konsènan kòz yo ak sikonstans yo nan konfli-a.

(b) **[konpansasyon]** Manm komité ankèt la ap resevwa konpansasyon a yon to de 50 dola pou chak jou yo pasé nan travay komité-a, an kolaborasyon avèk vwayaj nesèsè e frè de sejou.

49254 LWA NASYONAL RELASYON TRAVAY

(c) **[Pouvwa dekouvèt]** Nan bi nenpòt odians oswa ankèt kondwi pa nenpòt konsèy kite nomé anba tit sa, pwovizyon yo nan seksyon 49 e 50 de tit 15, Kòd Etazini [seksyon 49 e 50 de tit 15] (relatif sou konparisyon temwen e pwodiksyon liv yo, papyé yo ak dokiman yo ap vini aplikab a pouvwa e responsabilité konsèy sa.

Sek. 208. [§ 178. Enjonksyon pandan ijans nasyonal]

(a) **[Pétisyon a tribinal distri pa Avoka Jenéral sou direksyon Prézidan]** Aprè yon rapò te resevwa de komité ankèt la Prézidan kapab òdoné Avoka Jeneral la pou-l fè yon pétisyon a nenpòt tribinal distri Etazini ki genyen jiridiksyon sou pati yo pou anpeché grèv sa oswa blokaj sa oswa pouswit sa, e si tribinal la trouvé grèv la te menasé oswa reyèl oswa blokaj—

(i) Afekté tout yon endistri oswa yon pati sibstansyèl te angajé nan echanj, komès, transpòtasyon, transmisyon, oswa kominikasyon pami plizyè eta oswa avèk peyi etranjé, oswa angajé nan pwodiksyon machandiz pou komès; e

(ii) si-l pèmet pou-l rivé oswa kontinyé, si l-ap meté an péril sekirité oswa santé nasyonal, l-ap genyen jiridiksyon pou-l anpeché nenpòt grèv oswa blokaj, oswa fason l-ap kontinyé-a e fè lòt òdonans si li trouvé-l apropiyé.

(b) **[Chapit 6 pa aplikab]** Nan nenpòt ka, pwovizyon yo nan seksyon 101 a 115 tit 29, Kòd Etazini [chapit 6 nan tit sa] [rekonèt sou non lwa “Norris-LaGuardia”] pa dwe aplikab.

(c) **[Revizyon òdonans yo]** Odonans oswa òdonans tribinal la ap sijè pou-l revizé pa tribinal apèl apwopriyé Etazini e pa Tribinal Siprèm sou yon brèf pou montré oswa sètifikasyon jan li prevwa nan seksyon 1254 nan tit 28, kòd Etazini [seksyon 1254 nan tit 28].

Sek. 209. [§ 179. Enjonksyon pandan ijans nasyonal Enjonksyon; ajisteman efò pa pati yo pandan péryod enjonksyon-an]

(a) **[Sèvis Asistans; Akseptans sèvis aranjman pwopozé]** Nenpòt lè yon tribinal distri emèt yon òdonans anba seksyon 208 [seksyon 178 de tit sa] entèdi aksyon oswa pratik k-ap meté an peril oswa menasé pou meté anperil sekirité oswa santé nasyonal la, se devwa pati yo nan konfli travay k-ap soulevé òdonans sa poufè tout efò pou ajisté e rézoud konfli yo, avèk asistans sèvis la ki te kreyé pa lwa [chapit]. Okenn nan pati yo pa dwe nan obligasyon pou aksepté, an antyé oswa anpati, nenpòt aranjman pwopozisyon ki fèt pa sèvis la.

(b) **[Repriz komisyon ankèt; rapò pa komité-a; konteni; bilten sekrè travayè yo pa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay; Sètifikasyon rézilta yo a Avoka Jeneral la]** Lè-w emèt òdonans sa, Prézidan ap rékonvoké komité ankèt la ki te rapòté anvan konsènan konfli-a. Nan fen péryod swasant jou-a (amwens ke konfli-a te rézoud nan tan sa,) komité ankèt la

E l-ap rapòté Prézidan pozisyon aktyèl pati yo e efò ki te fèt pou antant la, e l-ap enkli yon deklarasyon pa chak pati yo sou pozisyon yo e yon déklarasyon sou denyè òf anplwayè-a te bay pou antant la. Prézidan ap meté rapò sa disponib a piblik la. Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la, pandan qenz jou aprè yo, l-ap pran yon bilten sekrè travayè yo pou chak anplwayè ki te patisipé nan konfli-a sou kesyon si yo dwé chwazi pou aksepté òf final antant la ki te fèt pa anplwayè travayè yo, jan li te déklar e l-ap sètifyé rézilta ki genyen yo a Avoka Jeneral la pandan senq jou aprè.

Sek. 210. [§ 180. Déchaj enjonksyon sou sètifikasyon rézilta eleksyon oswa aranjman; rapo a Kongrè] Lè rézilta sètifikasyon bilten sa te jwenn oswa lè yon aranjman te konkli, nenpòt sa ki te fèt anvan, Avoka Jeneral la ap mandé tribinal la pou-l retiré enjonksyon-an, mosyon sa ap alò akòdé e enjonksyon sa ap retire. Lè mosyon sa fini bay, Prézidan ap soumèt a kongrè-a yon rapò konplè e byen détayé de odians yo, l-ap enkli konklizyon komité ankèt la te fè e bilten ki te fèt pa Konèy Nasyonal Relasyon Travay, ansanm avèk rekòmandasyon yo jan li jijé bon pou konsidèrasyon e aksyon apropiyé.

AKO KONPILASYON SOU NEGOSIASYON KOLEKTIF YO ELATRIYE.

Sec. 211. [§ 181.] (a) Pou oriantasyon e enfòmasyon réprézantan anplwayè entérésé yo, travayè yo, e piblik la an jeneral, Biwo Statistic Travay nan Dépatman Travay ap kenbe yon dosyé kopi tout akò négosiasyon kolektif yo ki disponib e lòt akò ki disponib e aksyon ki te fèt nan aranjman oswa nan ajisté konfli travay yo. Dosyé sa ap ouvè pou enspeksyon anba kondisyon apropiyé yo ki te preskri pa Sekretè Travay la, eksepté enfòmasyon spesifik ki te bay a tit konfidansyèl pa-p devwalé.

(b) Biwo Statistic Travay nan Dépatman Travay otorizé pou founi sou rekèt sèvis la oswa anplwayè yo, travayè yo, oswa réprézantan yo, tout enfòmasyon disponib e ki bazé sou fè ki kapab edé nan aranjman nenpòt konfli travay, eksepté enfòmasyon spesifik ki te bay a tit konfidansyèl pap devwalé.

LWA EXAMPSYON TRAVAY SOU CHEMEN FE

Sek. 212. [§ 182.] Pwovisyon yo nan tit sa [sou chapit] pap aplikab konsènan nenpòt bagay ki sijè a pwovisyon lwa travay sou chemen de fè [45 U.S.C. § 151 et seq.], ki modifyé de tanzantan.

KONSILIASYON NAN KONFLI TRAVAY NAN ENDISTRI SWEN SANTE

Sek. 213. [§ 183.] (a) **[Krèyasyon komité ankèt; manm]** Si, nan opinion Direktè Fédéral Mediasyon e

49256 LWA TRAVAY RELASYON JESYON

Sèvis konsiliasyon, yon menas oswa grèv aktyèl oswa blokaj ki afekté enstitisyon swen santé ap, si pèmet pou-l rivé oswa kontinyé, sibstansyèlman entèronp nan fason swen santé delivré nan lokalité ki konsènè yo, Direktè-a kapab asistè plis nan rezolisyon enpas la ki te kreyé pandan 30 jou aprè avi Sèvis Konsiliasyon ak mediasyon Fédéral anba dispozisyon (A) nan denyè fraz nan seksyon 8(d) [seksyon 158(d) nan tit sa] (sa ki egzijé pa dispozisyon (3) nan seksyon 8(d) [seksyon 158(d) nan tit sa]), oswa pandan 10 jou aprè avi-a anba dispozisyon (B), yon komité ankèt san patipri pou investigé pwoblèm ki enpliké nan konfli-a e préparé yon rapò pa ékri a pati yo pandan quenz jou aprè établisman komité-a. Rapò a lékri-a ap genyen konklizyon sou fè yo ansanm avèk rekòmandasyon komité-a pou aranjman nan konfli-a, avèk objektif pou yo jwenn de fason rapid, nan lapè ak yon antant ki jis nan konfli-a. Chak komité ap konpozé de kantité endividi sa yo jan Direktè-a ap jijé nesèsè. Pa genyen manm ki nomé anba seksyon sa k-ap genyen okenn enterè oswa enpliké nan enstitisyon swen santé yo oswa òganizasyon travayè ki enpliké nan konfli-a.

(b) [Konpansasyon manm komité ankèt la] (1) Manm nenpòt komité ki etabli anba seksyon sa ki otreman anboché pa Gouvenman Fédéral la ap sèvi san konpansasyon men l-ap ranbousé pou vwayaj, frè e tout lòt dépans nesèsè ki te fèt pandan yo t-ap egzèsé obligasyon yo anba seksyon sa.

(2) Manm nenpòt komité ki établi anba seksyon sa ki pa sijè nan paragaf (1) ap resevwa konpansasyon nan yon to ki preskri pa Direktè-a men ki pap rivé piwo ke to chak jou-a ki te preskri pou GS-18 nan orè jénéral anba seksyon 5332 nan tit 5, Kòd Etazini [seksyon 5332 nan tit 5], ki enkli vwayaj pou chak jou ke yo angajé nan pèfòmans obligasyon yo anba seksyon sa e l-ap ranbousé pou vwayaj, frè e tout lòt dépans nesèsè ki te fèt pandan yo t-ap egzèsé obligasyon yo anba seksyon sa.

(c) [kenbe sitiyasyon-an menm jan li ye-a] Aprè kréyasyon komité-a anba sou seksyon (a) nan seksyon sa e pou quenz jou aprè komité sa te bay rapò li, pa-t genyen okenn chanjman nan sitiyasyon aktyèl la anvan ekspirasyon kontra nan ka négosiasyon yo pou yon renouvèlman kontra, oswa anvigè anvan tan enpas la nan ka yon négosiasyon inisyèl, eksepte pa akò, k-ap fèt pami pati yo ki nan kontwovès la.

(d) [Otorizasyon krédi] Li otorizé pou afekté montan ki kapab nesèsè pou egzékite dispozisyon seksyon sa.

TIT III

[Tit 29, Chapit 7, Souchapit IV, Kòd Etazini]

KONPLAINT E KONT OGANIZASYON TRAVAY YO

Sek. 301. [§ 185.] (a) [Lyé, montan, e nasyonalité] Konplait pou violasyon kontra yo ant yon anplwayè e yon òganizasyon travay ki reprezanté travayè yo nan yon endistri ki afekté komès kòm jan li défini nan lwa sa [chapit], oswa pami nenpòt òganizasyon travay sa yo, ka poté devan nenpòt tribinal distri Etazini yo ki genyen jiridiksyon sou pati yo, san teni kont de montan ki an litij oswa san teni kont de nasyonalité pati yo.

(b) [Responsabilité pou aksyon ajan; antité nan objektif pou pouswit konplait yo; ranfòsman sou jijman lajan] Nenpòt òganizasyon travay ki reprezanté travayè yo nan yon endistri ki afekté komès jan li défini nan lwa sa [chapit] e nenpòt anplwayè aktivité-l afekté komès jan li défini nan lwa sa [chapit] ap reponsab pou aksyon ajan li yo. Nenpòt òganizasyon travay sa yo kapab dépozé yon konplait oswa yo ka depozé yon konplait kòm yon antité e o non travayè yo li réprezanté nan tribinal Etazini. Nenpòt jijman sou lajan kont yon òganizasyon travay nan yon tribinal distri Etazini ap ranfòsé sèlman kont òganizasyon-an kòm yon antité e kont byen li yo, e li pap ranfòsé kont nenpòt manm endividyèl oswa byen li yo.

(c) [Jiridiksyon] Nan bi pou aksyon e pwosédi pa yon oswa kont òganizasyon travay yo nan tribinal distri Etazini, tribinal distri yo ap jijé nésesè pou-l genyen jiridiksyon sou yon òganizasyon travay (1) nan distri òganizasyon travay sa genyen biwo prensipal li yo, oswa (2) nan nenpòt distri koté ofisyé li yo ki légalman otorizé oswa ajan yo ki angajé nan réprezantasyon oswa k-ap aji pou travayè manm yo.

(d) [Sèvis Pwosésis] Sèvis konparisyon, asiyasyon, oswa lòt pwosédi jidisyè nan nenpòt tribinal nan Etazini sou yon ofisyé oswa ajan yon òganizasyon travay, nan kapasité-l antan ke tèl, ap konstityé sou sèvis òganizasyon travay la.

(e) [Dètèminasyon sou kesyon ajans] Nan bi seksyon sa, nan detèminé si nenpòt moun ap aji kòm yon “ajan” yon lòt moun pou-l ka fè lòt moun sa responsab pou aksyon li yo, kesyon pou konnen si aksyon spesifik pèfòmé yo te aktyèlman otorizé oswa ratifyé sibstansyèlman pap kontwolé.

RESTRIKSYON SOU PEMAN A RÉPRÉZANTAN TRAVAYE YO

Sek. 302. [§ 186.] (a) [Pèmen oswa prè, élatiyé., pèman pa anplwayè oswa ajan a travayè yo, réprézantan yo, oswa òganizasyon travay yo] L-ap ilégal pou yon anplwayè oswa asosyasyon anplwayè yo oswa nenpòt moun ki aji kòm yon ekspè nan relasyon travay, konseyé, oswa konsiltan a yon anplwayè oswa moun k-ap aji nan enterè yon anplwayè pou peyé, preté, oswa,

49258 LWA RELASYON JESYON TRAVAY

Delivré, oswa dakò pou peyé, preté, oswa delivré nenpòt lajan oswa bagay devalè—

(1) nenpòt réprézantan travayè yo ki anboché nan yon endistri ki afekté komès; oswa

(2) nenpòt òganizasyon travay, oswa nenpòt ofisyé oswa travayè sa yo, ki reprezanté, ap chèché pou reprezanté, oswa ap admèt poufè yo manm, nenpòt travayè anplwayè sa ki te anboché nan endistri ki afekté komès;

(3) nenpòt travayè oswa gwoup oswa komité travayè anplwayè sa ki anboché nan endistri ki afekté komès nan ekssè konpansasyon nòmal yo nan bi ki kozé travayè sa oswa gwoup komité ki enfliyansé direktteman oswa endirektteman nenpòt travayè nan egzèsé dwa pou-l òganizé e négosyé kolektivman atravè réprézantan pwòp chwa yo; oswa

(4) nenpòt ofisyé oswa travayè yon òganizasyon travay ki angajé nan yon endistri ki afekté komès avèk entansyon pou li enfliyansé li konsènan nenpòt aksyon li yo, desizyon yo oswa obligasyon li kòm yon réprézantan travayè yo oswa ofisyé sa oswa travayè òganizasyon travay sa.

(b) [demann, reklamé, elatriyé. pou lajan oswa lòt bagay de valè]

(1) L-ap ilégal pou nenpòt moun pou mandé, reklamé, resevwa, oswa aksepté, oswa dakò pou resevwa oswa aksepté, nenpòt lajan, prè, oswa livrezon nenpòt lajan oswa bagay ki genyen valè ki entèdi pa sou seksyon (a) [nan seksyon sa].

(2) L-ap ilégal pou nenpòt òganizasyon travay, oswa pou nenpòt moun aji kòm yon ofisyé, ajan, réprézantan, oswa travayè òganizasyon travay sa, pou reklamé oswa aksepté de operatè nenpòt veyikil (jan li défini nan pati II nan lwa komès ant eta yo [49 U.S.C. § 301 e seq.]) anboché nan transpòtasyon byen nan komès, oswa anplwayè operatè sa, nenpòt lajan oswa bagay de valè peyé a òganizasyon sa oswa a yon ofisyé, ajan, réprézantan oswa travayè sa kòm yon frè oswa chaj pou déchajman, oswa an koneksyon a déchajman, kagézon véyikil sa : Stipilé, anyen nan paragraf sa pa-p entèpreté pou rann ilégal nenpòt pèman pa yon anplwayè a nenpòt travayè li yo kòm konpansasyon pou sèvis yo antan ke travayè.

(c) [Eksepsyon] Pwovisyon seksyon sa pap aplikab (1) konsènan nenpòt lajan oswa lòt bagay devalè peyé pa yon anplwayè a nenpòt travayè li obligasyon li ki établi enkli aji ouvètman pou anplwayè sa nan zafè relasyon travay oswa administrasyon pèsonel oswa a nenpòt réprézantan travayè li yo, oswa a nenpòt ofisyé oswa travayè yon òganizasyon travay, ki se yon travayè tou oswa yon ansyen travayè anplwayè sa, kòm konpansasyon pou, oswa an rezon de, sèvis li kòm yon travayè de anplwayè sa; (2) konsènan pèman oswa livrezon de nenpòt lajan oswa lòt bagay devalè nan satisfaksyon de yon jijman de nenpòt tribinal oswa yon desizyon oswa santans yon mediyatè oswa yon prézidan enpasyal oswa nan konpromi, ajisteman, aranjman oswa relaché nenpòt réklamasyon, konplaint,

Doléyans, oswa konfli nan absans frod oswa kontraint; (3) konsènan vant oswa acha de yon atik oswa pwodui de baz nan pri maché ki anvigè nan kou nòminal biznis; (4) konsènan lajan ki dedwi nan salè travayè yo pou peyè kotizasyon pou manm nan yon òganizasyon travay: Stipilé, ke anplwayè-a te resevwa nan men chak travayè, nan kont moun ke dediksyon yo te fèt la, yon afektasyon pa ékri ki pa ta dwé irevokab pou yon péyrod plis ke yon lané, oswa aprè dat tèminasyon akò kolektif aplikab la, nenpòt sa ki rivé anvan; (5) konsènan lajan oswa lòt bagay de valé ki peyè a yon fon dafektasyon spesyal ki te etabli pa réprézantan sa, pou inik e bénéfis ekskliziv travayè yo de anplwayè sa, avèk fanmi yo e dépandan yo oswa (travayè sa yo, fanmi yo e dépandan ki jwenn avèk travayè lòt anplwayè yo k-ap fè menm kalité pèman sa yo, e fanmi yo ak dépandan): Stipilé, ke (A) pèman sa yo te kenbe nan yon fon spesyal nan bi pou péyé, swa de yon prensipal oswa salè oswa tou lède, pou benefis travayè yo, fanmi yo e dépandan yo, pou medikal oswa swen lopital, pansyon sou retrèt oswa lanmò travayè yo, konpansasyon pou blési yo oswa maladi ki se rézilta yon aktivité pwofesyonèl oswa asirans pou bay tout sa ki vini anvan oswa bénéfis lè-w pap travay oswa asirans dévi, handikap, e asirans maladi, oswa asirans aksidan; (B) baz detayé sou jan de pèman sa yo dwé fèt de fason spesifik nan yon akò alékri avèk anplwayè-a e travayè yo avèk anplwayè yo reprezanté egalman nan administrasyon fon sa, ansanm avèk moun ki pa pran pozisyon kòm réprézantan anplwayè yo e réprézantan travayè yo kapab dakò e nan ka koté anplwayè-a ak gwoup travayè pa kapab rivé jwenn yon antant nan administrasyon fon sa yo e pa genyen moun ki pran pozisyon ki genyen pouvwa pou brizé inpas sa , akò sa stipilé ke de gwoup yo ap dakò sou yon desizyon sou yon abitraj enpasyal pou desidé konfli sa oswa nan ka koté yo echwé pou dakò nan yon péryod de tan rézonab, abitraj enpasyal la ap desidé konfli sa ap, sou petisyon nenpòt gwoup, ki te nomé pa tribinal distri Etazini pou distri-a lè fon spesyal la genyen pwòp biwo prensipal li, e l-ap genyen pwovisyon pou yon kontwòl anyèl sou fon spesyal la, déklarasyon rézilta ki dwe disponib pou enspeksyon a moun enteresé-a nan biwo prensipal fon spesyal la e nan lòt plas sa yo jan li kapab déziyé nan yon akò pa ekri; e (C) pèman sa yo te destiné pou itilizé nan bi pou bay pansyon oswa rant pou travayè yo te fèt nan yon fon ki separé ki te déklaré ke fon sa yo pa kapab itilizé nan lòt bi ot ke peyè pansyon sa yo oswa rant sa yo; (6) konsènan lajan oswa lòt bagay devalè ki peyè pa nenpòt anplwayè nan yon fon spesyal ki te établi pa réprézantan sa nan bi vakans komen, jou feryé, ripti oswa bénéfis similè, oswa pèman frè aprantisaj, oswa lòt pwogram fòmasyon: Stipilé, ke, egzijans dispozisyon (B) nan pwovisyon dispozisyon (5) nan sou seksyon sa ap apliké

49260 LWA RELASYON JESYON TRAVAY

Fond spésyal sa; (7) konsènan lajan oswa nenpòt bagay devalè ki peyé pa nenpòt anplwayè a yon ansanm oswa fond spesyal endividyèl ki te kreyé pa réprézantan sa pou bi sa yo (A) bous détid nan bénéfis travayè yo, fanmi yo, dépandan pou étid yo nan enstitisyon édikatif, (B) sant swen pou timoun nan lekòl prématènèl ak lekòl laj dépandan travayè yo, oswa (C) asistans finansyè pou lojeman travayè yo: Stipilé, ke okenn òganizasyon travay oswa anplwayè ap oblijé pou négosyé sou etablisman nenpòt fon spesyal sa, e réfizé pou-l fè sa pap konstityé yon pratik delwayal travay: Stipilé pilwoin ke egzijans yo nan dispozisyon-an (B) kondisyon dispozisyon an (5) nan sou seksyon sa ap apliké nan fon spésyal sa; (8) konsènan lajan oswa nenpòt lòt bagay dévalè ki peyé pa nenpòt lòt anplwayè nan fon spesyal sa ki te kreyé pa réprézantan sa nan bi pou peyé frè sèvis légal pou travayè yo, fanmi yo, ak depandan pou Avoka oswa plan ke yo chwazi: Stipilé, ke egzijans dispozisyon an (B) kondisyon dispozisyon-an (5) nan sou seksyon sa ap apliké a jan de fond spesyal sa: Stipilé pilwoin, ke okenn sèvis légal nan jan sa pa dwe founi: (A) pou inisyé nenpòt odians ki dirijé (i) kont nenpòt tout anplwayè oswa ofisyé li yo oswa ajan yo eksepte nan ka konpansasyon pou aksidan nan travay oswa (ii) kont jan de òganizasyon travay sa, oswa paran li yo oswa moun ki anba li yo, oswa ofisyé li yo oswa ajans yo, oswa (iii) kont nenpòt lòt anplwayè oswa òganizasyon travay, oswa ofisyé li yo oswa ajan yo, nan nenpòt pwoblèm ki soulevé anba Lwa Nasyonal Relasyon Travay, oswa lwa sa [anba sou sou chapit II nan chapit oswa chapit sa]; e (B) nan nenpòt odians koté yon òganizasyon travay dwé entèdi pou peyé frè sèvis légal yo pa pwovizyon nan lwa 1959 sou Divilgasyon avèk Rapò Jesyon Travay [29 U.S.C. § 401 et seq.]; oswa (9) konsènan lajan oswa lòt bagay devalè ki peyé pa yon anplwayè a yon izin, zòn oswa komité jesyon travay nan tout endistri-a ki te kreyé pou yonn oswa plizyè bi ki te meté anplas nan seksyon 5(b) nan lwa 1978 sou Kòperasyon Jesyon Travay.

[Sek. 302(c)(7) te ajouté pa Piblik. L. 91–86, Okt. 14, 1969, 83 Stat. 133; Sek. 302(c)(8) by Pub. L. 93–95, Aug. 15, 1973, 87 Stat. 314; Sek. 302(c)(9) pa Piblik. L. 95–524, Oct. 27, 1978, 92 Stat. 2021; e Sek. 302(c)(7) te modifiyé pa Pibliyé. L.101–273, Apr. 18, 1990, 104 Stat.138.]

(d) [Pénalité pou violasyon] Nenpòt moun ki volontèman violé nenpòt nan pwovizyon sa yo nan seksyon sa ap, sou konviksyon sa, ap koupab de yon enfraksyon, e l-ap sijè pou peyé yon amand pa plis ke \$10,000 oswa y-ap meté-l nan prison pa plis ke yon lané oswa toulèdé.

(e) [Jiridiksyon tribinal yo] tribinal distri ak teritoryal yo nan Etazini e posesyon yo ap genyen jiridiksyon, pou rézon valab, e sou rezèv nan pwovizyon nan règleman 65 pwosédi règ sivil e Fédéral [seksyon 381 (abrojé) nan tit 28] (relatif sou notifikasyon nan pati opozé-a) pou retni violasyon yo nan seksyon sa, san éga a pwovizyon seksyon 7 tit 15 e seksyon 52

de tit 29, Kòd Etazini [nan tit sa] [koni sou lwa “Clayton”], e pwovizyon nan seksyon 101 a 115 de tit 29, Kòd Etazini [chapit 6 nan tit sa] [koni sou lwa “Norris-LaGuardia ”].

(f) [Dat pwovizyon yo ap antré anvigè] Sekyon sa pap apliké a okenn kontra ki anvigè nan 23 jen, 1947, jiska ekspirasyon kontra sa, oswa jiska 1é jiyè 1948, oswa nenpòt sa ki vini anvan.

(g) [Kontribisyon a fon afektasyon spesyal] Konfòmité ak restriksyon ki genyen nan sou seksyon (c)(5)(B) [seksyon sa] sou afektasyon nan fon spesyal sa, otreman légal, pap apliké a kontribisyon fon afektasyon spesyal sa ki te kreyé pa négosiasyon kolektif anvan 1é janvyé 1946, ni sou seksyon (c)(5)(A) [seksyon sa] pap entèpreté pou entèdi kontribisyon a fon afektasyon spesyal sa si anvan 1é janvyé 1947, fon sa te genyen pwovizyon pou mize an komen bénéfis vakans.

BOYKOTAJ AK LOT KONBINEZON ILEGAL

Sek. 303. [§ 187.] (a) L-ap ilégal, nan bi seksyon sa sèlman, nan yon endistri oswa aktivité ki afekté komès, pou nenpòt òganizasyon travay pou angajé nan nenpòt aktivité oswa kondwit ki défini kòm yon pratik delwayal travay nan seksyon 8(b)(4) de Lwa Nasyonal Relasyon Travay [seksyon 158(b)(4) nan tit sa].

(b) Nenpòt moun ki blesé nan travay li oswa propriyété an rézon de nenpòt violasyon de sou seksyon (a) [nan seksyon sa] kapab pouswiv an jistis sepandan nan nenpòt tribinal distri nan Etazini sijè a limitasyon e pwovizyon nan seksyon 301 prézan [seksyon 185 nan tit sa] san ega a montan ki an konfli-a, oswa nan nenpòt lòt tribinal ki genyen jiridiksyon sou pati yo, e l-ap rekouvri domaj yo ki te sibi pa li-menm e frè pwosédi jidisyè yo.

RESTRIKSYON SOU KONTRIBISYON POLITIK

Sec. 304. Abrojé.

[wè sek. 316 Lwa 1972 sou kanpay eleksyon Fédéral, 2 U.S.C. § 441b.]

Sek. 305.[§ 188.] Grèv pa travayè Gouvènman yo. Abrojé.

[See 5 U.S.C. § 7311 e 18 U.S.C. § 1918.]

TIT IV

[Tit 29, Chapit 7, Sou chapit V, Kòd Etazini]

KREYASYON YON KOMITE JWEN POU ETIDYE E RAPOTE PWOBLEM DEBAZ YO KI AFEKTE RELASYON TRAVAY AMIKAL AK PWODIKTIVITE

Secs. 401–407. [§§ 191–197.] Omèt.

49262 LWA RELASYON JESYON TRAVAY

TIT V

[Tit 29, Chapit 7, Sou chapit I, Kòd Etazini]

DEFINISYON

Sek. 501. [§ 142.] Lè lwa sa itilize [chapit]—

(1) Tèm “endistri ki afekté komès” vlé di nenpòt endistri oswa aktivité nan komès oswa koté yon konfli travay ap konstityé yon fado oswa pou antravé komès oswa tanté pou chajé oswa antravé komès oswa lib déwoulman komès la.

(2) Tèm “grè” enkli nenpòt grè oswa lòt arè travay konsèté pa travayè yo (enkli yon arè pou rézon ekspirasyon nan yon akò négosasyon kolektif) e nenpòt ralantisman konsèté oswa lòt opérasyon entèripsyon konsèté pa travayè yo.

(3) Tèm “komès,” “konfli travay,” “amplwayè,” “travayè,” “òganizasyon travay,” “reprézantan,” “moun,” ak “sipèvizè” ap genyen menm siyifikasyon lè-l itilize nan Lwa Nasyonal Relasyon Travay jan li modifyé nan lwa sa [nan sou chapit II nan chapit sa].

PWOVIZYON SOVEGADE

Sek. 502. [§ 143.] [Kondisyon danjeré ki anòmal] Anyen nan lwa sa [chapit] pa entèpreté pou egzije yon travayè endividyèl pou bay travay oswa sèvis san konsantman li, ni anyen nan lwa sa [chapit] pap entèpreté pou fè kité travay li pa yon travayè endividyèl yon aksyon ilégal; ni okenn tribinal ap emèt nenpòt pwozè pou kontrenn pèfòmans pa yon travayè endividyèl travay sa oswa sèvis, san konsantman li; ni pou fè kité travay li pa yon travayè oswa travayè yo nan bonn fwa paske kondisyon danjeré anòmal travay nan lokal travay la de travayè sa oswa travayè yo jije bon poufè yon grè anba lwa sa [chapit].

SEPARABILITE

Sek. 503. [§ 144.] Si okenn pwovizyon nan lwa sa [chapit], oswa aplikasyon pwovizyon sa a nenpòt moun oswa sikonstans, l-ap vini nil, rès lwa sa [chapit], oswa aplikasyon pwovizyon sa a moun yo oswa sikonstans yo òt ke sa yo avèk sa yo ki vini nil, pa dwé afekté pa yo.